БЕРАШНА ГУЛДИНА
ВЕА ХАЛИФАН ДИЙЦАРШ

Жайна яздинарг: Русланан кІант Рамзан

2020 шо.

WWW.НЕНАМ.TV

Дешхьалхе

Іаламаш кхиош-кхобуш волчу АллахІана бу хастам!

Элчанна а, цуьнан охІланна а АллахІера салам-маршалла хуьйла.

АллахІа боху Шен сийлахь долу Къуръан чохь: «Дийцарш дийца ахь, цара ойла йийр йолуш»[1].

АллахІан пурбанца хІара жайна яздо вай, Къуръанца а, Элчанан (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) суннатца а вайн доьзалш кхиийтар а, баккхий хилча цу тІехь уьш бахийтар а Іалашо йолуш.

Тахана гуш ду вайна бераш муха кхуьуш ду: телефонаш, компьютерш, мультикаш, ловзарш бен, кхин гуш хІумма а дац царна.

Іеламнаха боху: «Мультикашка хьежаро бер доккха хилча а шен бераллехь дуьсуьйту, хьекъал а, кхетам а и мультик санна дуьсу цуьнан. Къонах ца кхуьу цунах».

Мультикаш чуьра а, ловзарш чуьра а шайолу цІе хаьа берашна, амма вайн динах хІумма а ца хаьа! Бехк а бац церан ца хиъча а. Дийнахь а, буса а шайна гуш-хезаш дерг бен хаа йиш а ма яц царна. Цундела мультикашца а, ловзаршца а кхиънарг къонах кхуьур вац, мелхо, шен бераллехь вуьсур ву и. Иманехь а, динехь а хир ву Элчанан а (Делера салам-

1 Сурат Ал-АІра́ф, аят: 176

маршалла хуьйла цунна), цуьнан асхьабийн а дийцаршца кхиънарг, иштта къонах а хир ву цу къонахийн дийцаршца кхиънарг. Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ма-аллара, дас-нанас кхиа ма-дарра кхуьу бер[2].

Иштта вайн ненан маттахь а яздо вай хIара жайна, вайн мотт биц ца балийта а, карлабаккхийта а, хIунда аьлча мотт дIабаьлча - къам а дIадолу, къомо шен мотт буьйцуш мел бу - къам а лаьтта.

Iеламнаха боху: «МостагIчо, ша цхьа мохк схьабаьккхича, уггар хьалха цу махкарчу къоман мотт а, гIиллакх а хуьйцу. Нагахь санна мостагIчуьнга ша схьабаьккхинчу мехкан мотт а, гIиллакх а хийца ца лахь - и къам эшна дац».

ХIора буса, шайн бераш дIадийшале, царна жим-жимма кху жайни тIера дийцар дийца - мел пайда болу хуур ду шуна.

Ас сатуьйсу, хIара жайна яздарна, сайна а, сайн дена-нанна а АллахIера ял хиларе!

Иштта АллахIе доьху ас сайна а, сайн дена-нанна а, шуна а гечдар а.

2 Муслим: 265

Абу Бакр Ас-Сидди́къ

Пайхамарш дIабевллачул тIаьхьа, кху вайн умматехь уггар гIоли верг, уггар диканиг, цкъаллиг-цкъа АллахI воцчунна Iибадат дина а воцуш, ширк дина а воцуш, дуьххьара иман диллинарг - Абу Бакр Ас-Сидди́къ ву, АллахI реза хуьйла цунна!

Элчанан (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хIусамнана хилла йолу, вайн нана Iа́ишат - Абу Бакран йоI ю. Пайхамаралла доссале дуьйна Элчанан (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) накъост вара и.

Цуьнан цIе IабдуллахI ю, ткъа ден цIе Iусман ю, «Абу Къухьафа» олуш хилла цуьнан дех. Дайн цIерш: Iа́мир, Ибн Iамр, Ибн КаIб, Ибн СаIд, Ибн Тайййим, Ибн МуррахI, Ибн КаIб.

Элчанан а (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), цуьнан доттагIчун Абу Бакран а ялхалгIа да цхьаъ ву, иза - Мурра ибн КаIб.

Абу Бакран цIерш дуккха а хилла, царех ю «Iатикъ» цIе. Цунах и аларан масех бахьана дийцина Iеламнаха:

1. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) аьлла цуьнан хьокъехь: «Кхаъ баккха цуьнга, АллахIа жоьжахатих кIелхьаравааккхина и».[3]

2. Хаза юьхь-сибат долуш хилла Абу Бакр, гIийло а волуш.

---

3 Фатхьул-Ба́рий, агIо: 7/9

3. Цуьнан ненан кIант вехаш ца хилла, дуьненчу ваьлча кхелхаш хилла, цундела Абу Бакр дуьненчу ваьлча цуьнан нанас кIант шен кера а лаьцна, КаIбанна тIе а йирзина – «Я АллахI, валарх кIелхьаравакхий, суна вита Ахь хIара», - аьлла.

Иштта «Сиддикъ» олуш хилла Абу Бакрах. АллахIа Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) Къудс-маьждиге а вигина, юха стигал хьалаваькхинчул тIаьхьа, нахе мохь тоьхна элира цо: «Цхьана буса Къудс-маьждиге вахана, ламаз а дина, схьавеъна со».

ТIаккха мушрик нах бахара Абу Бакр волче. Цара элира: «Хьо ма ву Мухьаммада мел дуьйцург бакъ ду бохуш. ХIинца керла хIума дуьйцуш ву и». Абу Бакра хаьттира цаьрга: «ХIун ду и?». Жоп делира цунна: «Вай цхьана батта чохь беш болу некъ Къудсе, ша цхьана буса вахана, схьавеъна боху цо». Абу Бакра юха а хаьттира: «Аша мел дуьйцург Пайхамара бохуш дуй?», - аьлла. «Ду», - элира цара. ТIаккха Абу Бакра – «ВаллахIи, цо бахахь, бакъ ма ду и», - аьлла, бакъдира Элчано кхайкхийнарг. «Ва ахь муха до и бакъ, хьуна цуьнгара хезна ца хилча?», - цецбевлира мушрик нах. «Цул а тамашина хIума - стиглара хаам цхьана минотехь охьакхочуш хилар бакъ ма до ас, ткъа Къудс гергох ма ду стигланал а», - тIечIагIдира цо.

Цул тIаьхьа Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) волче вахара и, ша Къудс-маьждиге вигар нахе дуьйцуш волуш тIекхечира и цунна. Хьалха цкъа а хилла ма вацара Элча (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) Къудсехь, амма йохк-эцар лелош болу нах хиллера цигахь,

царех Абу Бакр а вара. Мушрик нах хетта буьйлабелира Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), неI муха ю цу Къудс-маьждиган дийца, тIаккха агIонца йолу неI муха ю дийца бохуш. Буса хилла вайн Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) цигахь, цундела тидам а ца бинера цо, делахь а, АллахIа дуьхьал сурт хIоттадора цунна цара хаьттинчу хIуманан. Иштта жоьпаш лора цо царна, хIора жоьпана Абу Бакра олура: «Бакълоь хьо». Цунна а, цигахь хиллачарна а Къудс-маьждиган сифаташ девзура.

ТIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира: «Сиддикъ (бакълуьш верг) ву-кх хьо, хIай Абу Бакр». Наха Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) харцвечу хенахь, Абу Бакра бакъвира и, цу тIера аьлла цунах «Сиддикъ».

«Сиддикъ» - гуттар а бакъдерг дуьцург ву, иштта хила а хилла и.

«Со́хьиб» а ю Абу Бакран цIе, АллахIа цунах Къуръан чохь яьккхина йолу[4]. Со́хьиб - накъост бохург ду, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) накъост ву и. Уггар кхерамечу хьолехь, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) Маккара Мединате хIижрат деш волуш, Абу Бакр хилла цуьнца. Цундела аьлла ду цунах «Со́хьиб».

«Аткъо́» а ю Абу Бакран цIе. АллахIах тIех сов кхоьруш верг бохург ду и, Дала Къуръан чохь аьлла цунах и.[5]

4 Сурат ат-ТавбахI, аят: 40

5 Сурат Ал-Лайл, аят: 17

Мушрик наха иман диллина болу леш[6] хьийзочу хенахь, шайн динах юхадовла бохуш, Абу Бакра, шен ахчанах уьш цаьгара эца а оьцуш, хьалхабуьтура. Цуьнан дас элира: «ХIай Абу Бакр, и гIийла леш ца ийбеш, гIора долу леш ийбе цаьргара, цара ларор ма вара хьо». Амма Абу Бакран Iалашо и яцара, кхин а лакхара Iалашо яра цуьнан - АллахI реза вар.

«АввахI» а хилла Абу Бакран цIе, дукха воьлхург бохург ду иза, АллахIах кхоьруш. Иштта кхин а хилла цуьнан цIерш.

Абу Бакр оза хилла, кIайн юьхь-сибат долуш, гIодаюкъахь хеча соцуш ца хилла цуьнан, дукха оза волуш.

Маккара эланех цхьаъ вара и, гIиллакх чIогIа долуш а, чIогIа лоруш а, везаш а вара и нахана, хьекъал долуш, говза а вара и, говза йохк-эцар лелош вара гена махка дIа а воьдуш. Тайп-тукхумаш чIогIа дика девзура цунна. Цхьана стеган цIе яьккхича, и стаг хьенан мила, муьлхачу тайпанах ву, наха мел лоруш ву - и дерриг хаьара цунна. Говза мотт болуш а вара, миччахь хьалхаваьлла къамел дан йиш йолуш. Макка хьаж дан баьхкинчу нахана гIо а дора цо, Ислам-дин доладалале дуьйна а. Нахаца дика юкъаметтиг лелош вара Абу Бакр, цундела нахана а везара иза.

Абу Бакр дине вале а цкъаллиг-цкъа корта бахош йолу хIума мелла вац: чIогIа осала хIума хеташ хилла цунна и.

6 Рабы

ХIунда аьлча къаьркъано я кхийолу корта бахош йолучу хIумано адам сийсаздо, осаладоккху.

Абу Бакр цкъа а АллахIаца накъост лаьцна вац, цIунашна сужуд дина а, ширк дина а вац и. Цуьнан дас, хIара жима волуш, шайн тIулгех биначу делошна тIе а вигина, элира цуьнга: «ХIорш хьан делий бу». Цул тIаьхьа дIавахара иза цигара, ткъа Абу Бакр цаьрга хьоьжуш лаьттара. Цаьрга хетта волавелира иза: «Со меца ву-кх, вузавой аша? ТIедоха духар дезара-кх суна, лой аша?». ТIаккха лаьттара тIулг схьа а эцна, церан цхьана делана бетах а тоьхна, жимачу Абу Бакра элира: «Шена а дан хIума доцуш болчу кху тIулго хIун гIо дийр ду?». Ойлане вахара иза, хIара дин нийса ца хилча, бакъ дин муьлхург ду те аьлла – Абу Бакр хьекъал долуш хиларан билгало ю иза.

Бакъдолу дин лаха араваьлча, Iибадат дечу стаге хаьттира цо: «Нийса дин муьлхург ду?», - аьлла. Жуьгтийн дин гIоли хета шена аьлла жоп делира цунна. Абу Бакра дийца шена цу динах лаций аьлча, цу стага элира: «Цкъа хьайна Деле неIалт а дехна, тIаккха гечдар деха деза». «Шегахь дика долуш дин дац иза», - аьлла жоп делира цунна Абу Бакра, реза а ца хилла.

Цхьана дийнахь КаIбанна уллехь нийса дин лоьхуш волу кхаа стага ден къамел хезира Абу Бакрана. Уьш дIайсабевлча, царех цхьаъ волче вахана, Варакъ ибн Нафл вара и, цуьнга дийцира Абу Бакра шена церан къамел хезна хилар. Цара «пайхамар» олуш а хезнера цунна, дуьххьара

хезна дара Абу Бакрана и дош а, пайхамар варе хьоьжуш хилар а. «Мила ву пайхамар?», - хаьттира цо. ТIаккха Варакъа дийцира цуьнга: «Таврат, Инжил дешна ас, цу тIехь ду пайхамар вогIур ву аьлла. Iарбийн тайпанашна юккъера тайпанах хир волуш ву иза». Абу Бакра жоп делира: «Делахь тайпанаш суна дика девзу хьуна». Варакъа хаам бира цуьнга: «Хьан тайп ду хьуна иза», - аьлла.

«ХIун боху цу пайхамара?», - хаьттира Абу Бакра.

«АллахIа шега ала аьлларг олу цо, зулам деш а вац иза», - бохуш, пайхамаран сифаташ дийцира цуьнга.

Йохк-эцар лело новкъа ваьлла а волуш, дIавижинчехь гIан гинера Абу Бакрана. Цхьана Iибадат дечу стаге дийцира цо шен гIан. Цо хаьттира: «Хьо мила ву?». Ша Маккара хилар хьахийча, кхин а уллера хаа лиира цу стагана. Къурайшийн тайпанах а ву ша элира Абу Бакра. «Кхузахь хIун деш ву хьо?», - рогIера хаттар дира Iибадат дечу стага. Ша арабаькхина некъ – йохк-эцар лелош хилар довзийтира Абу Бакра. ТIаккха цуьнан гIан иштта тидира: «Нагахь хьан гIан АллахIа бакъдахь, хьан къомах пайхамар вер ву, и дийна волуш хьо цуьнан накъост хир ву, ткъа и кхелхинчул тIаьхьа – халиф хир ву», - аьлла. ЧIогIа цуьнан даг чу дижира и къамел.

Цо боху: «Пайхамаре пайхамаралла доссийча, и пайхамар вуй хиина, иман диллира ас цуьнца». ВогIур волу пайхамарехь хир ду бохуш шега дийцина сифаташ цуьнгахь гира Абу Бакрана. Вайн Пайхамара, шен доттагI Абу Бакр волче а вахана, шега пайхамаралла доьссина

аьлча, кхин ойланаш еш ца Іаш, эццехь иман диллира цо. Дуьххьара дине веънарг ву иза, шен ткъе вуьрхІитта я ткъе берхІитта шо долуш. Ша дине варах кхачам а бина ца Іаш, кхиберш а дине кхайкха волавелира иза. Цуьнан керахула ткъе итт сов стаг Ислам-дине а веара, царна юккъера ялх стаг, дийна болушшехь, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ялсаманица кхаъ баьккхиначех ву.

Пайхамарал (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ши-кхо шо жима хилла Абу Бакр.

Цуьнан доьзалах массара а иман диллира, да воцучо. Абу Бакран да Абу Къухьа́фа жимма тІаьхьо веара дине.

Шен доьзал бара Абу Бакран – йиъ зуда а, ялх бер а: кхо кІант, кхо йоІ. Іа́ишатан нана Умму Ру́ма́н ю. Воккхачуьнан цІе ІабдуллахІ ю, шолгІаниг Іабдур-Рахьман ву, кхоалгІаниг Мухьаммад ву. ЙоьІарех йокхахъерг Асма́ъ ю, ІабдуллахІ ибн Зубайран нана, Хьажжажо вийна волу. ШолгІаниг Іа́ишат ю, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хІусамнана. КхоалгІаниг Умму Кулсум ю.

Цхьана дена тІера виъ асхьаб вовшахкхетта Абу Бакран доьзал бен бац: цуьнан да Абу Къухьа́фа асхьаб ву, и ша а асхьаб ву, йоІ Асма́ъ а сахьабиййахІ ю, Асма́ан кІант ІабдуллахІ ибн Зубайр а асхьаб ву.

Асма́ъ, цуьнан доьзалхойх йоккхахъерг, доьналлах юьззина хилла. БІе шо долуш кхелхира и, амма оццул хан йолуш а багара цхьа а церг охьа ца йоьжнера цуьнан я хьекъална эшна а яцара и.

Маккахь бехаш бара бусалба нах, дине веъначо шен дин хьул а деш. Гучуваьллачунна тIехь мушрик наха къизалла латтайора. Цу бахьаница Билал вара цара хьийзош, ткъа иза лай хилла ву, динах юхавала бохуш, цунна таIзар дийриг цуьнан эла Умай ибн Халаф вара.

Абу Бакра хаьттира цуьнан эле: «Суна вухкий ахь и лай?». Шен мах болуш хуьлура лай цу хенахь, амма и ца эцийтархьама иттаннах вухку ша элира Умаййа. Абу Бакра дIаделира цунна и ахча. Цецвелира и эла – «иттаннах оьцуш ву ахь иза?», - хаьттира цо. МукIарло дарца, эца а эцна, лай волчера хьалхавитира цо Билал. Цунна тIаьхьа мохь туьйхира Умаййа: «ХIай Абу Бакр, валлахIи, ахь и цхьаннах вохка аьллехь, вухкур ма вара ас иза». Абу Бакра жоп делира: «ВаллахIи, бIенах ахь и вухкуш хиллехь, и бIе дIа а делла оьцур ма вара ас иза». Цу кеппара кхиберш а эца а оьцуш, маьрша буьтуш хилла цо.

Цкъа Абу Бакра элира Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «Вай хIинца дикка вовшахкхетта», - шовзткъа стаг ца кхоччуш хилла уьш, - «вайн дин гучудаккхийтахьа вайга». «КIеззиг ма ду вай», - жоп делира цунна Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), амма юха а аьлча шега, тIетайра иза Абу Бакра бохучунна. КаIбанна хьалха дIа а хIиттина, шайн дин, шаьш бусалба хилар дIакхайкхош мохь туьйхира цара, тIаккха мушрик наха, вовшах а кхетта, йиттира царна. Массарал чIогIа Абу Бакрана кхеттера - шайн керайогIург тIееттара цара цунна. Лаьтта охьавуьйжира иза, бисинчарна и велла а моьттуш.

Іутба цунна тІе а хиина, пІендарш кегдан гІерташ воллуш вара, ткъа шен гІуллакх ца хилча, бета тІе ког баьккхина, бІаьрг-мара ца къасталучу хьоле валлалц, хьийшира иза цу АллахІан мостагІчо. Цул тІаьхьа Абу Бакран тайпана нах схьабаьхкира, цара дІаваьккхира Іутба. Царна моьттура Абу Бакр велла, цу АллахІан мостагІчуьнга дІахаийтира цара, нагахь иза лахь, шаьш церан хьенех вуьйр ву аьлла.

Шен хІусамехь маьнги тІе охьавиллира кхетам чохь воцу Абу Бакр, гІийла цунна гондахьа хьийзара да-нана, цІий дІадоккхуш, ченах цІанвеш. Масех сахьт даьлча кхетам чу веара Абу Бакр. Ша бІаьргаш схьадоьллушехь цо хаьттира дега-нене: «Пайхамар муха ву?». ОьгІазлоно лецира цуьнан да – «хьайна тІехь динарг ца гуш, цунах лаьцна хоьттуш ву хьо?», - аьлла, аравелира иза чуьра. Нанас сагатдора цунна, цуьнга хІума кхаллийта а, малийта а лууш яра и, амма Абу Бакра юха а хаьттира: «Пайхамар муха ву?», - аьлла. «Суна цунах дерг ца хаьа, цхьаъ яахьа хьайна», - олура нанас. Дуй биира Абу Бакра, Пайхамар муха ву хаалц, цхьа а хІума юур а яц, мер а яц ша аьлла. Нанна ца хаьара цунах лаьцна хьаьнга хоттур ду. ТІаккха Абу Бакра элира: «Умм Жами́лахІ йолче а гІой, цуьнга хатта». Иман диллина яра иза, амма ша бусалба хилар къайлахьора. Цуьнан неІаре а яхана, нанас элира: «Абу Бакр ву шен накъост хоьттуш». «Мила ву цуьнан накъост?», - дуьхьал хаттар дира Умм Жамилата. «Мухьаммад ву-кх», - аьлла шена жоп делча, ша кхоьруш хиларна, цо

элира: «Суна-м ца хаьа цунах хIумма а. Хьуна лаахь, Абу Бакрана тIе дIа-м йогIу со». Цхьаьна юхаяхара и шиъ. Абу Бакран хьал а гина, йилхира Умм Жами́лахI, цунах къахеташ дешнаш элира цо, амма Абу Бакра ша а витий, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хьал дийца аьлла дехар дира. Амма йистхила сих ца лора Умм Жами́лахI, ийзалора иза цуьнан ненах. Цунах кхеттачу Абу Бакра и шен нана хилар а, схьадийца мегаш хилар а довзийтира. Цул тIаьхьа жоп делира цунна Умм Жамилата: «Могуш а, маьрша а ву и». «Мичахь ву иза?», - тIаьххье хаттар дира цо. Аркъаман хIусамехь вуй хаийтира цунна Умм Жами́лата. Самукъаделира ненан, - «хIинца мукъане малахьа хIара», - аьлла хьаьвзира и. Амма Абу Бакр юха а реза ца хилира, цо элира: «ВаллахIи, мер ма дац ас, сайн бIаьргашца Пайхамар галлалц». Шена тIехь дина таIзар а, шен лозу дегI а – дерриг а дицделла, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ган лаам хьалхабелира цуьнан.

Халла Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) волче вахара Абу Бакр шен ненаца. Йиттина эрчаваькхина, оьхуш цIий долуш шен накъост Абу Бакр гича, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) чIоггIа маравоьллира и. Абу Бакра элира цуьнга: «ХIай АллахIан Элча, суна хIумма а ца хилла, со дика ву хьуна. Юьхь тIехь цхьакIеззиг хIума бен дац сан». Цул тIаьхьа, охьа а хиъна, Абу Бакра дехар дира Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) шеца йолу шен нана дине

кхайкха, цунна АллахIе доIа де аьлла. ТIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) шен беркате ши куьг хьала а айдина, доIа дира и Ислам-дине ялор доьхуш. Ша лаьттачехь иман а диллира Абу Бакран нанас. Самукъа совдаьлла хьалаиккхира Абу Бакр, шегара хьал дицделлера цунна. Иштта дине еара цуьнан нана СалмахI.

Маккахь керста наха хьийзабора бусалба нах, шайн дин лело ца буьтура. Цкъа Абу Бакр цигара хIижрат дан новкъаваьллера. Цхьана юьрта кхечира иза, цу юьртахь вевзуш а вара и, цигара эло хаьттира: «Хьо стенга ваха ваьлла?». «Сайн къомо Iен ца витина, АллахIан новкъахь хIижрат дан араваьлла ву со», - жоп делира Абу Бакра. ТIаккха цу эло элира: «Хьо саннарг ара а ца волу я ара а ца воккху! Тхуна гергахь хьо йоккха меттиг йолуш ву, кхинаш санна ма вац хьо. Хьуна-хьайна дIаваха лиъча а, хьо вохуьйту ма дац тхо». Оцу кепара чIогIа везаш вара Абу Бакр нахана. Ша тIе а хIуттур ву, гIо а лоцур ду элира эло, тIаккха Абу Бакр юхавирзира. Цуьнца цхьаьна Макка а веана, цо кхайкхам бира: «ХIай къурайшийн охIла, Абу Бакр ас ларвеш ву шуна! Цунна шух цхьаммо а новкъарло ма йойла-кх». Иштта Маккахь шен Далла Iибадат деш висира Абу Бакр.

Цу юккъе хан яьллера, мушрикаша бусалба нах хьийзабора, баланаш совдевллера церан, тIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) Мадинате хIижрат дарца омра дира бусалбанашка. Цара хIижрат дира. Цул тIаьхьа Абу Бакре хаам бира Пайхамара

(Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «АллахIа пурба делла суна хIижрат дан Мединате, ткъа хьо сан накъост а ву». И дешнаш хезча, дукха хазахетта, вилхира Абу Бакр. Цуьнан йоIа, Асма́а, тIоьрмиг кечбира цаьршинна. И дIабехка шена хIума ца карийча, шен бедар тIера ши кийсак яьккхина дIабихкира цо и. ТIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) цIе тиллира цунна «За́туннитIо́къайн» аьлла.

Цул тIаьхьа новкъавелира и шиъ, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) уггар а кхераме некъ бара и.

Новкъа воьдуш Абу Бакр Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) цкъа хьалхаволура, юха тIаьхьавуьсура, юха агIора волура. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хаьттира: «ХIай Абу Бакр, и хIунда леладо ахь?», - аьлла. Цо жоп делира: «Хьуна зен дан кхоьссинарг хьуна ца кхетийтархьама». И дара - Абу Бакрана Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) шен сил а чIогIа везар.

Цхьана хьеха кхаьчча, воьддушехь цхьаьна чу а ца воьдуш, цкъа хьалха Абу Бакр чувелира, хIумма а дуй хьажа, Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) собар де а аьлла. ХIумма а ца карийча, чукхайкхира цо иза. И а дара Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) везар. Цу хьехахь кхо де даьккхира цаьршимма. Абу Бакр воьлхура, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) зен хиларна кхоьруш. ТIаккха сийдолчу

Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира цуьнга: «ХIай Абу Бакр, гIайгIане ма хила хьо! АллахI ву хьуна вайшинца».

Пайхамарш дIабевлча, АллахIа ша цхьа стаг къаста а вина, Пайхамарна уллехь, Ша шуьшинца ву аьлларг цхьа Абу Бакр бен вац.

Цул тIаьхьа Мединате дIавахара Пайхамар а (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), Абу Бакр а.

Абу Бакра дуьйцу, шаьшшиъ новкъахь чIогIа хьагвелла а, меца а, гIелвелла а волуш цхьана четар тIе кхечира бохуш. Шен даьхни лелош, ехаш зуда яра цу чохь. Цуьнан шура луш йоцу газанна шен беркате куьг хьаькхира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), тIаккха цунна шура еара. Оза а оьзна, Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дIакховдийра ша иза бохуш дуьйцу Абу Бакра. ЦхьакIеззиг мала а мелла, юха схьакховдийра цо и, шега малийта. «Мала ахь, кхин а мала ахь», - элира ша бохуш дуьйцу Абу Бакра. «ВаллахIи», - боху цо, - «Пайхамар и молучера саца ма ца сецира, сан хьогалла дIаяллалц». Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) шура мелча, шен хьогалла дIаелира боху Абу Бакра. Иштта и шура ца лучу газано шура елча, и долахь хилла зуда дине еара, Элчанехь (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) и билгало а гина.

КхидIа ваха новкъавелира и шиъ. Наха хоьттура Абу Бакре хьоьца верг мила ву, Абу Бакр нахана вевзуш вара, йохк-эцар лелош хилар бахьана долуш. ТIаккха Абу Бакра

жоп лора царна: «Суна некъ гойтург ву хIара», - олий. Ткъа цо буьйцу некъ – нийсонан некъ бу, декъалхиларе вуьгуш болу а, ялсамане кхачош болу а. Иштта гIаш некъ беш Мединате дIакхечира и шиъ.

Цхьа а меттиг я цхьа а гIазот дац, Абу Бакр Пайхамарца (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хиллий бен. Гуттар а цунна уллехь вара и.

Кху Ислам-динехь хIун меттиг ю Абу Бакран? Пайхамара муха хастийна и?

Абу Бакр цкъаллиг-цкъа АллахIах тешарехь шек хилла вац. Оццул чIогIа иман дара цуьнан. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) боху: «Дерриг умматан иманний, Абу Бакран иманний терзан тIехь дуьстича, Абу Бакран иман совдер ма дара». Кхин а боху Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «Цхьаьнце а къамел дина ма дац ас, дуьхьал вист хуьлуш я сан къамел юхатухуш бен, Абу Бакр воцучуьнца. Цо тIе а лоций, кхочушдора».

Кхечу хьадисехь аьлла Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «Дуьнен чохь сайна доттагI лоцуш хиллехь, Абу Бакр лоцур ма вара ас».[7] Иштта кхечу хьадисехь а аьлла Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «Абу Бакрий, Iумаррий ялсаманехь болу баккхийчеран элий бу»[8].

7 Бухáрий: 467

8 Тирмизий: 3665

Дуьххьара иман диллинарг а, дуьххьара шена Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ялсаманица кхаъ баьккхинарг а, пайхамарш дIабевлча, дуьххьара ялсамане чу гIур верг а, нах дуьххьара дине кхайкхинарг а, дуьххьара АллахIан новкъахь харж йинарг а, дуьххьара Элчанна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) тIе а хIоьттина, цуьнгахьа гIо даьккхинарг а ву Абу Бакр.

Цкъа араваьллера Абу Бакр, новкъахь Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дуьхьалкхийтира цунна. ТIаккха цо хаьттира: «ХIай АллахIан Элча, хьо ара хIунда ваьлла? ХIумма а долуш-м ца лела хьо?». Мацалло араваьккхина ша аьлла жоп делира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Абу Бакра элира: «ВаллахIи, хьо санна мацалло ара ма ваьккхина со а». Жимма Iийча Iумар дуьхьалкхийтира цаьршинна. Iумара а хаьттира и шиъ ара хIунда ваьлла ву. Мацалло араваьккхина хиллера Iумар а. ТIаккха Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира: «Тхойшиъ а ву-кх иштта мацвелла араваьлла». Шортта а рицкъ долуш хилла волу Абу Бакр шен кийра Iехо а кхалла хIума йолуш вацара, шен берриг а бахам АллахIан новкъахь дIа а хьажийна.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира: «Сан умматехь уггар чIогIа умматца къинхетаме верг Абу Бакр ву»[9].

9 Тирмизий: 3791

Пайхамарах (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) цхьадолу хIуманаш тера долуш вара Абу Бакр. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) аьллера: «АллахIа жоьжахатих кIелхьараваькхинчуьнга шайна хьовса лаахь - Абу Бакре хьовса».

Цкъа Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хаьттира: «Тахана марха хьан кхаьбна шух?», - аьлла. Абу Бакра ша кхаьбна элира. Юха хаьттира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «Цомгушчунна зерат хьан дина шух тахана?», - аьлла. Абу Бакра ша дина элира. ТIаккха хаьттира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «Стаг дIаволла мила вахана шух?». Абу Бакра ша вахана элира. КхидIа хаьттира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «Мискачу стагана сагIа хьан делла шух тахана?», - аьлла. Абу Бакра ша делла элира. Цхьана ден чохь дина и диэ хIума Абу Бакра, тIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира: «Цхьана ден чохь и диъ хIума вовшахкхетар ма дац, уьш шегахь вовшахкхеттарг ялсамане гIур волуш бен»[10].

Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) вара дуьйцуш, ялсаманин бархI неI хилар, марха кхобуш хиллачуьнга «Раййан» олучу неIарехула чу гIо эр ду, сагIа луш хиллачуьнга сагIанан неIарехула чу гIо эр ду бохуш. ТIаккха Абу Бакра хаьттира: «ХIай АллахIан Элча, - «оцу бархI неIарх хьайна луучехула чу гIо», - аьлла шега

10 Муслим: 1028

кхойкхун верг ван а вуй аьлла?». Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира: «Ву, хьо царех хиларе сатесна а ву со».[11]

Духар хьорканал охьадалийтиначуьнга къемат-дийнахь АллахI дIахьожур вац бохуш, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дийцича, Абу Бакра элира: «ХIай АллахIан Элча, сан духар охьадолу, хьала-м узу ас иза, хьорканал охьа мосазза долу». Охьадолуьйтуш лелош ца хилла цо и, дукха оза волуш, гIодаюкъахь лаьтташ ца хилла, охьаоьхуш. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) жоп делира цунна: «Даг чохь куралла яц хьан». Куралла ца хилчхьана охьадалийта мегар ду бохург дац иза. Абу Бакра а ма ца боху ша хьорканал охьадолуьйтий леладо духар. Охьадолу шен, делахь а, хIоразза а юха хьалаузу ша бохура цо. Ткъа Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) жоьпах луург ду – цо кураллина деш дац иза, мелхо, охьа мосазза долу хьалаузу цо, охьа а долийтий ца лела.

Кхечу хьадисехь аьлла Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «Тхо цхьанне а декхарилахь дисина ма дац, Абу Бакр воччунна, ткъа цунна бекхам АллахIа къемат-дийнахь бийр бу». Цул тIаьхьа элира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «Цхьаьннан а даьхнино гIо дина ма дац суна, Абу Бакран даьхнино санна». И дешнаш шена хезча Абу Бакр вилхира.

11 Бухáрий: 1897

Цкъа цхьана стага сагIина кхача беллера Абу Бакрана. Кхалла а кхаьллина, и мичара баьлла бу хаьттира цо цуьнга. Цу стага жоп делира, хьенехо шена деллачу ахчанах эцна бу ша аьлла. ТIаккха Абу Бакр бага пIелг боьллина, ша кхаьллинарг охьаIетто гIерташ вара. Цунна хаьара и ахча хьарам ахча дарий. Дукха чIогIа Абу Бакр охьаIетто гIерташ, цхьамма элира цуьнга: «Жимма къахета хьайн дегIах». «ВаллахIи, цу кхачанах сайн кийрахь цхьа хIума дуьтур ма дац ас», - жоп делира Абу Бакра. И кхин соцург ца хилла, кхечо хьехар дира: «Шортта а хи мийла, тIаккха Iеттор ву хьо», - аьлла. И кхочуш а дина, юха а бага пIелгаш Iиттира Абу Бакра. ХIара дийциначо боху: «ВаллахIи, Абу Бакр саца ма ца сецира, и ша кхаьллинарг охьаIеттаяллалц». Ткъа тахана ма дукха бу-кх, нехан рицкъанах бен, хьарам рицкъанах бен чам ца кхеташ.

Цхьана дийнахь Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), маьждиг чу а ваьлла, Абу Бакр схьа а кхайкхина, и шена аьтто агIора дIахIоттийра, тIаккха Iумар схьа а кхайкхина, шена аьрро агIора дIа а хIоттийна, цушиннан куьйгаш а лаьцна, уьш хьала а айдина, элира: «Къемат-дийнахь иштта гIовттор долуш ду тхо».

Шена гина гIан дийцинера Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «Кад буьззина шура еара суна, вуззалц и мелира ас, цул тIаьхьа Абу Бакре дIабелира ас и кад». Асхьабаша хаьттира цуьнга: «ХIай АллахIан Элча, Iилма дуй и?», - аьлла. Ду аьлла жоп делира цо царна.

Пайхамаррий, Абу Бакрий, Іумаррий, Іусманний Ухьуд лам тІе хьалабевллера. Хазахетар совдаьлла лестира и лам. Шен ког охьа а тоьхна, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира: «Саца хьо, хІай Ухьуд, хьуна тІехь пайхамаррий, сиддиккъий, ши шахІиддий ву».[12]

Иштта Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) аьллера: «Цкъа а Абу Бакр санна цхьа а пайде хилла ма вац суна, дегІаца а, даьхница а».

Шен асхьабашка хаттар дира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), цхьанне а гІан гиний аьлла. Цхьамма шена гина элира. «Стиглара терза охьа а деъна, хьо цхьана агІора виллира, вукху агІора Абу Бакр виллира, ахь даздира терза, юха цхьана агІора Абу Бакр, вукху агІора Іумар виллира, Абу Бакра даздира терза, тІаккха цхьана агІора Іумар, вукху агІора Іусман виллира, Іумара даздира терза, цул тІаьхьа стигал хьаладахара и терза», – дийцира шен гІан асхьаба Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьйла цунна).[13] Абу Бакран кхечарна тІехь долу дозалла ду иза.

Цхьа хан-зама яьлча, ша Макка яккха ваханчу дийнахь, цигара бахархошка хаам бинера Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «Ара а ца волуш, шен хІусамехь Іийначунна а, КаІбанна чу ваханчунна а, Абу Суфьянан хІусам чу ваханчунна а хІумма а дийр дац», - аьлла.

12 Абу́ Да́вуд: 4651

13 Абу́ Да́вуд: 4634

Макки чу догIуш эскар ду аьлла хабар хезна, цхьа воккха стаг аравелира шен жима йоI эцна, и бакъ дуй хьажа. Цуьнан гергара нах берриш а, иман диллина, Мадинате дIабахана бара. БIаьрса доцуш, къена стаг вара и, цхьана лома тIе а ваьлла, хаьттира цо шен йоьIе: «ХIун го хьуна?», - аьлла. «Вайна тIедогIуш эскар го суна», - жоп делира йоIа. «Вайна хезнарг бакъ ду-кх», - элира воккхачу стага. Жимма Iийна юха а хаьттира цо: «Ткъа хIинца хIун го хьуна?», - аьлла. ЙоIа элира: «Цхьаъ ву оцу эскарна агIораволуш, хьалхаволуш, тIаьхьавуьсуш вогIуш». Юха а хан ялийтина хаьттира цо: «ХIинца хIун го хьуна?», - аьлла. «ДIасадаьржаш ду эскар», - жоп делира цунна йоIа. Хуьлучух кхеташ волучу воккхачу стага сихха чукхачаве ша элира.

Сихвелла чувоьдуш а волуш, Макки чу кхаьччачу бусалба наха схьа а лаьцна, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) тIе дIавигира и, шен йоIаца цхьаьна. ХIунда аьлча чохь Iийначунна хIумма а дийр дац ма аьллера Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Цара элира: «ХIай АллахIан Элча, хIара стаг арахь вара, схьа а лаьцна, схьавалий оха хIара». Уллехь Iаш волу Абу Бакр цецвелира, бархI-исс шарахь цунна гина воцу цуьнан да Абу Къухьа́фа вара и воккха стаг. Ма инзаре хIума ду иза – къанвелла да ву схьавалийна, вен а там бу и, я кхидерг хила а.

ТIаккха Абу Бакра Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира: «ХIай АллахIан Элча, сан да ву иза».

Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хууш ма дара и Абу Бакран да вуй, цуьнан накъост хилла вара и дин тIедале дуьйна а. «ХIай АллахIан Элча, Ислам-дине кхайкхахьа цуьнга», - аьлла, дехар дира Абу Бакра. Шен накъосте болучу ларамца, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) жоп делира: «ХIай Абу Бакр, и шен хIусамехь Iийнехь а, и волче вахана, дине кхойкхур ма вара ас иза. Хьуна лаахь, цуьнан хIусаме дIа а вахана, иза дине ма кхойкху ас». «ХIан-хIа, хIан-хIа, хIай АллахIан Элча, мелхо, и ву хьуна тIеван везарг», - элира Абу Бакра.

Шен беркате куьг цуьнан накханна тIе а диллина, - «Ислам-дине вола», - элира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). ТIаккха Абу Къухьа́фас - «ашхIаду ан ла илахIа иллаллахI, ва ашхIаду анна Мухьаммадан расулуллахI», - элира. Велакъежира Абу Бакр, хазахетта. Пайхамарна а (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хийтира хаза, и дине веъна а, Абу Бакрана хазахетарна а. Иштта дине веара Абу Бакран да Абу Къухьа́фа.

Цул тIаьхьа Мадинате юхабирзира уьш.

Пайхамар а (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), Абу Бакр а, кхиболу хIижрат дина асхьабаш а Мадинатехь Iаш бара. ЖихIад дора цара, дин даржош, нах дине кхойкхуш. АллахIа толамаш а лора бусалба нахана. Кху лаьттан букъ тIехь массанхьа а Ислам-дин даьржинера. Ондда пачхьалкх а кхоьллира бусалба наха.

Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дийна а волуш, шен хIусаме кхо бутт боьжна гинера

Іа́ишатна гІенах. ГІенаш чІогІа дика туьдуш волчу шен дега Абу Бакре дийцира цо и, ткъа цо и муха тидира вай тІаьхьо дуьйцур ду.

Шен тІаьххьарчу хьажжехь, нахе мохь тоьхна, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) тІедогІучу шарахь ша ца ган мега, ша хьаж ца дан мега элира. Дикка ладогІа шега аьлла, хьехам бира Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) царна: АллахІаца накъост ма лаца, динехь керла хІуманаш юкъа ма даха, кхаьънаш ма ийде, бусалба стеган цІий тІе а, сий тІе а ма кхийда, ишттІа кхидолу а дика де, вон ма де олуш. Цул тІаьхьа Мадинате юхавеара Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна).

Цигахь дийцира цо (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «Цхьана стагана харжам беллера АллахІа: дуьне я эхарт. Цо эхарт хаьржира», - аьлла. Шен шина куьйгаца корта схьа а лаьцна, охьа а лахвелла, вилхира Абу Бакр. Асхьабаш цецбевлира цунах, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) цхьана стеган дийцар дийцарх, Абу Бакр хІунда воьлху ца хаьара царна. Цхьа Абу Бакр бен вацара кхетта, цо ша вуьйцуш варий а, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) кхалха герга вуй а.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) эскар кечдира жихІаде хьажо румхошна дуьхьал. Цуьнан коьрте хІоттийра цо берхІитта шо долу Уса́ма ибн Зайд. Кечдина лаьтташ эскар долуш, цомгуш хилира АллахІан

Элча (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Ткъа цу эскарх хилларг тIаьхьа дуьйцур ду вай.

Iа́ишате олура Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «Сайна даийначу дIаьвшан асар хаало суна», - жуьгти зудчо даийнера иза цунна.

Корта лозура Элчанан (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), лазар чIагIделира цуьнан. Шен асхьабашка ламаз дайта маьждиге ара ца валалуш, масех дийнахь Iиллира и. ТIаккха цо омра дира цаьрга Абу Бакр хьалха а ваккхий ламаз де аьлла. Iа́ишата элира Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «ХIай АллахIан Элча, Абу Бакр чIогIа воьлхуш ву, хьалхаваькхича ламаз далур ма дац цуьнга». «ХIан-хIа, хьалхаваккха Абу Бакр», - аьлла жоп делира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). ШолгIа а элира цуьнга Iа́ишата, амма Элчанера (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) юха а изза жоп хилира цунна. Абу Бакр хьалхаваккха кхузза элира АллахIан Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Цул тIаьхьа Абу Бакр имам волуш ламаз дора бусалба наха. Ткъа Пайхамар меттахь Iуьллуш вара.

«Кху латта букъ тIехь уггар гIоли волу кхоъ хьан хIусамехь дIавуллур ву», - аьлла тидинера Абу Бакра Iа́ишатан гIан, вай хьалхо дийцина долу. ХIижрин рузманца цхьайтталгIачу шеран раби́Iул аввал баттахь, шийтталгIачу дийнахь, оршот-дийнахь кхочушхилира цу гIенах цхьа дакъа. Цу дийнахь АллахIан Элча (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дIакхелхира, шен кхузткъе

кхо шо долуш. ДІовш бахьана бен дацара, АллахІа цунна шахІидийн дарж далархьама хІоттийна.

Ткъа Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дуьненчу ваьлла хан хууш яц. Вайн хуург – оршот-дийнахь дуьненчу ваьлла хилар ду, иза Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) довзийтина долу дела. Амма бутт а, де а девзуш дац вайна. Цхьа а шайн бух болуш дац Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дуьненчу ваьлла де ду бохуш, наха схьакъестош долу денош. Шен кхузткъе кхаа шарахь цкъа а даздина дац Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ша вина де, я дазде аьлла омра дина а дац, иштта асхьабаша а ца даздина, я царел тІаьхьа хиллачу табиІинаша а ца даздина, кхидІа царна тІаьхьабогІучара а ца даздина, мазхІабийн дайша а ца даздина, я дазде а ца аьлла. Ткъа раби́Іул аввал беттан шийтталгІа де, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) вина де ду бохуш, даздеш верг – Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) кхелхина де даздеш ву!

Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дІакхелхича боьхна хьийзара асхьабаш, хьере хилла. И волчу чу а вахана, Абу Бакра элира: «ХІай АллахІан Элча, дийна волуш а, кхелхича а ма хаза ву-кх хьо».

Цул тІаьхьа маьждиг чу велира Абу Бакр. Асхьабаш боьлхуш бара. Баттара тур даьккхина мохь бетташ Іумар вара, ша Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) велла аьллачуьнан корта боккхур бу бохуш.

«ХIай Iумар, охьахаа», - элира Абу Бакра цуьнга. Iумарна ца хезара и. Юха а элира цо: «ХIай Iумар, охьахаа».

ТIаккха кхайкхам бира Абу Бакра: «Мухьаммадна Iибадат деш хиллачарна хаийла, Мухьаммад дIакхелхина шуна! Ткъа АллахIана Iибадат деш воллучунна хаийла, АллахI дийна ву шуна, цкъа а лийр волуш а вац шуна!». Цул тIаьхьа Къуръанан аят дийшира Абу Бакра: «Мухьаммад - элча бен ма вац. Цул хьалха а хилла элчанаш. Нагахь иза лахь я вехь, (керстаналле) юхадерза дохку шу? Ткъа (Ислам-динах) юхаваьллачо АллахIана деш цуьрриг а зен дац. АллахIа совгIат дийр ду шукардечарна».[14]

«ХIай Абу Бакр, и аят Къуръан чуьра ду?», - хаттар дира шена дуьххьара хезча санна хеташ волчу Iумара. Абу Бакра ду аьлча, дIа а сецна, воьлхуш Iара Iумар. Кхетам чуьра а ваьлла, Iумар охьавуьйжира аьлла а деъна.

Iа́ишатан хIусамехь кхелхира АллахIан Элча (Делера салам-маршаллахуьйла цунна). Шаьш беллачехь дIабухкуш ма-хиллара пайхамарш, вайн пайхамар а воьллира цу чохь дIа. Абу Бакра элира шен йоьIе: «Хьан хIусаме боьжна хиллачу кхаа баттах хIара хьалхарниг бу хьуна».

Ансараш болче а вахана, Iумаран а, Абу Iубайдин а куьйгаш схьа а лаьцна, - «кхушиннах цхьанна байIат де», - элира Абу Бакра. «ХIан-хIа, мелхо, оха хьуна до байIат», - аьлла, цуьнан куьг а лаьцна, байIат дира Iумара. Цунна

14 Сурат А́ли Iимра́н, аят: 144

тIаьххье массара а дира Абу Бакрана байIат, иза шайн амир хоржуш.

Цул тIаьхьа Iумара нахана хутIба дира, цо элира: «Пайхамара Абу Бакр шуна хьалха а ваьккхина ламаз дайтирий?». «Дайтира», - жоп делира цунна. «Ткъа хIинца Абу Бакрал а хьалхавала лууш, цунна тIехь амир хIотта лууш мила ву шух?», - хаьттира Iумара. Асхьабаша элира: «АллахIаца ларло тхо Абу Бакрал хьалхадовларх, цунна тIехь амиралла лелорх». «АллахIа халиф хаьржина иза», - элира Iумара. Цо и аьлча, - «валлахIи, цкъаллиг-цкъа цхьана денна я цхьана буьйсанна амир хила лиъна ма дац суна, я АллахIе цкъа а дехна а ма дац ас иза», - жоп делира Абу Бакра.

Иштта бусалба нехан халиф хIоьттира Абу Бакр, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дIакхелхича.

Шена тIаьхьа Абу Бакр халиф хирг хилар дешнашца схьа ца аьллехь а, дуккха а ишарш йира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Ша дIакхалхале, меттахь Iуьллуш волуш, Iа́ишате элира цо: «Абу Бакр а, хьайн ваша а схьакхайкха. Со кхоьру-кх цхьаъ ва́ларна, ша Абу Бакрал а гIоли ву аьлла». Иштта цу юкъадогIу хIижрат деш Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) шеца Абу Бакр харжар а, ламазехь и хьалхаваккхар а, ша ца каравахь, Абу Бакрана тIе гIо алар а, шена тIаьхьавогIуш волчу Абу Бакрана а, Iумарна а тIаьхьада́за алар а, бусалба нах хIижратан иссалгIа шарахь хьаж дан

и хьалхаваькхина Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) бахийтар а.

Іа́ишате хаьттинера: «Пайхамара шел тІаьхьа халиф хоржуш хилча, мила хоржур вара цо?», - аьлла. «Абу Бакр хоржур вара», - жоп делира Элчанан (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хІусамнана йолу Іа́ишата. «Ткъа цул тІаьхьа мила хоржур вара?», - хаьттира цуьнга. «Іумар», - элира цо. Шортта а бу кху тайпа Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) Абу Бакр халиф хІоттийта лууш хилар гойту хиламаш.

Ша халиф волуш Абу Бакра дина пайданех цхьадерш

АллахІан Элча (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дІакхелхиначул тІаьхьа, туьрах кхерабелла дине баьхкина болу, кхоччуш шайн дегнаш чу иман кхаьчча боцу нах динера арабевлира. Бусалба пачхьалкх кхаа декъе екъаелира: шайн динехь чІагІ а белла севццарш а бара, закат ца дала дуьхьалбевлларш а бара, динах юхабевлларш а бара. Маккахь а, Мадинатехь а, ТІаифехь а берш боцурш, бисинарш дуьхьалбевллера. ТІаккха Абу Бакра элира: «Динах юхабевллачаьрца а, закат лур дац аьлла дуьхьалбевллачаьрца а тІом бийр бу ас». Асхьабаша элира: «Закат лур дац аьлла дуьхьалбевлларш АллахІ цхьаъвеш ма бу, уьш Іадда хІунда ца буьту ахь?». «ВаллахІи, ламазний, закатний юккъехь къастамаш бечаьрца тІом бийр ма бу ас», - жоп делира бусалба нехан амира Абу Бакра.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ша дІакхалхале румхошна дуьхьал кечдина эскар дара аьлла хьахийра вай, коьртехь Уса́ма а волуш. Абу Бакра арадаьккхира и эскар АллахІан Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дІахьажош хиллаче. Асхьабаша хаьттира цуьнга: «Румхошна дуьхьал а ца дохуьйтуш, динах юхабевллачаьрца тІом бан хІунда ца дохуьйту ахь и эскар? Вайн ницкъ а гІелбелла, дуккха а тайпанаш динах юха а девлла. Вайна Мадинатехь эскар ма оьшу, ткъа и ца хилахь, вайн ницкъ кхин а гІеллур бу». «ВаллахІи, АллахІан Элчано айбина йолу байракх охьайохуьйтур ма яц ас! Цо дІахьажо кечдина хиллаче дІа а хьажор ма ду ас и эскар», - жоп делира царна Абу Бакра. Юха а элира цара: «Цу эскаран коьрте воккхох верг мукъане хІоттавехьа, Уса́ма жима ма ву». «ВаллахІи, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) коьрте хІоттийна волу Уса́ма дІа а ваьккхина, цуьнан метта кхиниг хІоттор ма вац ас», - аьлла, Усама тІехь волу говр а лаьцна, румхошна дуьхьал жихІаде арадаьккхира Абу Бакра эскар. Уса́мас элира: «ХІай халиф, со охьавуссу я хьо кху говранна тІе хуу». «ВаллахІи, хьо я говрара охьа а ма ца вуссу, я со цу тІе а ма ца хуу», - чІагІо йира бусалба нехан амира Абу Бакра. И эскар новкъадаьккхира цо.

ХІун пайда белира Абу Бакра дІахьажийначу эскарх?

Цхьацца ярташ юххехула а, юккъехула а дуьйлуш, румхошна дуьхьал арадаьккхина доьдуш долу эскар

гича, ойла йира динах юхабевллачара а, закат ца дала дуьхьалбевллачара а: «Ванах, оццул ондачу пачхьалкхана дуьхьал дохуьйтуш долу эскар сел доккха хилча, Мадинатехь бухадиснарг ма ондда эскар хила деза! Дера, бусалба пачхьалкх-м хIинца а гIора долуш ма хилла», - аьлла, цхьаберш юха дине а баьхкира царех. Ткъа дине ца баьхкиначаьрца а, закат лур дац аьлла дуьхьалбевллачаьрца а тIом а бина, толамца юхавеара Абу Бакр. Цу дийннахь Уса́ма а веара румхошна тIехь толам а баьккхина юха.

Абу Бакра дуккха а нах юха дине балийра, бусалба нах цхьа дегI хилла дIахIиттийра цо.

Иштта Къуръан вовшахтоьххарг а Абу Бакр ву. Къуръан дагахь хууш болу бусалба нах дукха дIакхелхира, тIаккха ткъе цхьаъ шо долу Зайд ибн Са́бите вовшахтохийтира и Абу Бакра. Ша ваьлча, Зайда аьллера: «ВаллахIи, лам цхьанхьара кхечанхьа дехьабаккха аттох хир ма дара суна, Къуръан вовшахтохарал а», - оццул хала болх бинера цо.

Дуккха а пайданаш дира Абу Бакра ша халиф волуш, цуьнан диканаш а, цуьнан иман а дийцина вер воцуш.

Хан дIайоьдура. Шина шарахь кхаа баттахь халиф лаьттиначул тIаьхьа, цомгуш хилира Абу Бакр. Меттахь Iуьллуш а волуш, ша дийна а волуш, шена тIаьхьа хир волу халиф харжа элира цо. Баккхий асхьабаш цхьацца чу а кхойкхуш, Iумарах лаьцна хиттира цо цаьрга. Массара а хеставора Iумар, шайна юккъехь уггар гIолиниг и ву олура. Iусман вара Абу Бакра дуьйцург дIаяздеш. «Ас сайна тIаьхьа хоржу», - олушшехь, кхетам чуьра велира Абу Бакр. Ткъа

Іусмана Іумаран цІе дІаязйира. Ша меттавеъча - «мила дІаязвира ахь?», - хаьттира Абу Бакра. Шен лаамехь махиллара, дІаязйинарг Іумаран цІе юй хиъча, - «АллахІ реза хуьйла хьуна. Со Іумар харжа лууш вуй хаьара хьуна?», - хаьттира юха а Абу Бакра Іусмане. Хаьара шена аьлла жоп делира цунна Іусмана.

Абу Бакр, цамгаро лаьцна, меттахь Іуьллуш а волуш, ламазехь хьалхаволуш Іумар вара, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) шен метта Абу Бакр хьалхаваккхаре терра.

ХІижрин кхойтталгІа шарахь, жума́да а́хира баттахь, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) кхелхинчу оршот-дийнахь, цуьнан кхелхаш хилла йолу кхузткъе кхо шо хан а йолуш, пхийтта дийнахь лазар лайна, дІакхелхира Абу Бакр, АллахІ реза хуьйла цунна! Ткъа Іа́ишатан хІусаме шолгІа бутт буьйжира. Шен доттагІчунна - сийдолу Элчанна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) улле, Іа́ишатан хІусамехь дІавоьллира Абу Бакр Ас-Сиддикъ.

Цунна тІаьхьа Іумар хІоьттира бусалба нехан халиф.

Къонахаша Абу Бакр хастийна меттигаш ю дукха, вай царех цхьаерш хьахор ю.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) сагІанаш ло аьллачу дийнахь, - «тахана-м Абу Бакрал хьалхавер ву со», - аьлла хеташ вара ша бохуш дуьйцу Іумара. Нийсса керадеъна даьхни дара цуьнгахь. Нийсса юккъехула и декъа а декъна, ах Пайхамаре (Делера салам-

маршалла хуьйла цунна) дIаделира цо. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хаьттира цуьнга: «Хьайн доьзална хIун дитина ахь?». «Сайн даьхних нийсса ах дитина ас», - жоп делира Iумара.

ТIаккха Абу Бакр веара шен сагIа схьадохьуш. Цуьнга а хаттар дира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «Хьайн доьзална хIун дитина ахь?». «АллахI а, Цуьнан Элча а витина ас», - элира Абу Бакра. Буха цхьа а хIума ца дуьтуш, шен дерриг даьхни схьадеънера цо. Iумара элира: «ВаллахIи, кхул тIаьхьа кхин цкъа а Абу Бакраца къовсалур ма вац со». Кхин а боху Iумара: «ВаллахIи, Абу Бакрал хьалхавала мосазза хьожу, эша ма оьшура со».

Iалий вара цхьана дийнахь хьехам беш нахана. Цо хаьттира: «Уггар майра стаг мила ву хаьий шуна?». Цара элира: «Хьо ву-кх». Баккъал а, чIогIа майра хилла ву Iалий. Цо элира: «Со цхьаьнце а летта ма вац, ас цунна тIехь толам боккхуш бен. Делахь а, уггар майра стаг – Абу Бакр ву». Наха цу хьокъехь хаттар дича, шена гинарг дийцира Iалийс: «Тхо Бадр гIазотехь долуш, Пайхамар ларо хаьржинарг Абу Бакр вара».

Кхин а дуьйцу Iалийс: «Массо агIора Пайхамарехьа гIо дуьйхуш, мушрик нах цунна тIе ца кхочуьйтура Абу Бакра. Царна дуьхьал летара и: цхьаъ дIатоттуш, важа схьаозош, кхечунна тухуш. ««Сан Дела – АллахI ву», - алар бахьана долуш, и вен гIерташ ду шу?», - бохуш цаьрга. ВаллахIи, цу дийнахь Пайхамарна тIехIоьттинарг цхьа Абу Бакр бен

ма вацара! Тхо хьоьжуш лаьтташ ма дара». Маж тІадош вилхира Іалий, ша и дийцича.

Цул тІаьхьа хаьттира Іалийс: «ФирІавнан заманара бусалба ву гІоли я Абу Бакр ву?». Бист ца хуьлуш лаьттара нах. «ВаллахІи, Абу Бакран цхьа сахьт хан тоьлла ма ю, дуьне дуьззина фирІавнан заманара бусалба нахал а».

Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хІусамнанас, Абу Бакран йоІа Іа́ишата дуьйцу, шаьш новкъахь долуш, зІе яйнера шен бохуш. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) шаверг саца а вина, лийхира цуьнан и зІе. Кхин ца карош, Іарж а елла, дІавижира Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). ТІаккха цхьана стага Абу Бакре элира: «Хьайн йоІа динарг хаьий хьуна?». «ХІун дина цо?», - хаьттира Абу Бакра. «Шен яйна зІе бахьанехь, хІара дерриг эскар сацийна цо, хи доцучу меттехь. Я вайгахь керахь хи а дац». ОьгІазвахана, шен йоІана дов дира Абу Бакра. Іуьйрене бевлира уьш ламаз эца хи а доцуш. ТІаккха латтаца тема дан магош аят доьссира. Асхьабаша иштта ламазаш а дира. КхидІа дуьйцу Іа́ишата, шаьш новкъадовла кечделла, эмкал хьалагІаттийча, шен зІе цунна кІелахь Іуьллуш хиллера бохуш. Ткъа асхьабаша элира: «ХІай Абу Бакр, валлахІи, хьо а, хьан доьзал а беркат ду-кх».

Цкъа Іамр ибн Іа́са хаьттира: «ХІай АллахІан Элча, нахах уггар дукхавезарг мила ву хьуна?». «Іа́ишат ю», - элира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Іамра юха а хаьттира: «Ткъа стегарех мила веза хьуна?».

«Цуьнан да (Абу Бакр) веза суна», - жоп делира цо. «Цул тIаьхьа мила веза хьуна?», - хаьттира Iамра. «Iумар веза», - элира цо.

Iумара боху: «Абу Бакр вайн эла ву, вайх гIоли верг а ву, АллахIан Элчанна вайх массарел а дукхавезарг а ву».

Iалийс боху, АллахIаца чIагIо еш: ««Сиддикъ» цIе АллахIа стиглара йоссийна ма ю Абу Бакрана».

Асхьабаша боху: «Бадр гIазотехь Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) лом хилла ларвира Абу Бакра».

Iалий цкъа Иракехь хьехам беш а волуш, цхьана стага, мохь тоьхна, элира: «ХIай адамашлахь тоьлла верг! ВаллахIи, хьол гIоли цхьа а гина ма вац суна». ТIе а кхайкхина, Iалийс хаьттира: «АллахIан Элча гиний хьуна?». Ца гина шена элира цу стага. «Абу Бакр а, Iумар а ца гина хьуна?», - хаьттира юха а Iалийс. Гина ца хиллера цунна. ТIаккха Iалийс элира: «Ахь хьайна Пайхамар гина аьллехь, ас корта боккхур бара хьан! Ткъа Абу Бакр я Iумар гина аьллехь, ас тухур ма яра хьуна!»

Вайн умматан Фа́ру́къ – бакъо-харцо къасториг волу Iумара аьлла-кх: «Абу Бакран дегIа тIера чо белира со».

АллахIа Абу Бакраца ялсаманехь цхьаьнатухийла вай!

Іумар ибн ХаттІáб

Пайхамарш дІабевлча, вайн умматехь уггар тоьлларг Абу Бакр Ас-Сиддикъ ву аьлла дийцира вай. Цул тІаьхьа уггар диканиг а, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) шайна ялсаманица кхаъ баьккхиначарех шолгІаниг а ву - Іумар ибн ХаттІаб, АллахІ реза хуьйла цунна.

Іумар дийна а волуш кхаъ баьккхинера цунна Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), шахІид волуш кхелхар ву аьлла.

И Іумар ву хьуна иза, АллахІа, цо дин тІеэцча, цуьнгахула бусалба дин чІагІдина волу. АллахІа цуьнан метта тІехь а, цуьнан даг чохь а бакъдерг лелийна волу. И вогІуш вайча шайтІа цуьнан новкъара додуш хилла волу. Жабраил-малико шегара салам ло аьлла волу. АллахІан Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) шел тІаьхьа пайхамар хуьлуш хилча, и хир вара аьлла волу. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) шена дукхавеза аьлла волу. Дуьххьара КаІбанна хьалха, къайлаха а доцуш, ламаз дина волу. Цо аьлларг тІечІагІдеш, АллахІа аяташ диссийна волу. Кошахь шега хаттарш дан деанчу шина малике хаттарш дина волу.

Іумар вара АллахІах кхерар чІогІа долуш, майра а, доьналла долуш а, сий долуш а. АллахІах кхоьруш, вилхина, бІаьрхиша юьхь тІехь хершаш даьхнера цунна.

АллахIан мостагIчуьнца шога а, буьрса а вара и. Нахана Iумар вогIуш гича, говрахь я эмкал тIехь волуш санна хеталора и. Амма говра хиъча, ши ког лаьттах текхара цуьнан, сел онда стаг волуш. Болар сиха долуш а, ша къамел деш - дIахезаш а, ша тоьхча – чIогIа лазош а къонах вара Iумар.

Къурайшийн цIийнах а волуш, ХаттIабан кIант Iумар ву иза. «Абу Хьафса» а олура цунах. Пайхамара «Фа́ру́къ» цIе тиллинера цунна, нийсо-харцо къасториг ву аьлла.

Ма дукха ду-кх Iумаран диканаш, дийцина ца валлал. Царех муьлхург дуьйцур дара те вай, муьлхачунна тIера дIадуьйлалур дара те, шадерш дийца-м вайна хан а тоьур ма яц.

Iумаран гIазоташ дийца вай? Ма дукха ду-кх уьш! Я цо паргIатдаьхна мехкаш, гIаланаш йийца вай? Ма дукха ю-кх уьш! Я цуьнан иман дийца вай? Ма доккха хилла-кх и! Я и АллахIах кхерар дийца вай? Ма чIогIа хилла-кх цуьнан кхерар! Я цо кху умматна дина пайданаш дийца вай? Ма дукха ду-кх уьш! Я цуьнан нийсо йийца вай? Ма чIогIа хилла-кх цуьнан нийсо яр!

Вай дуьйцур ду Iумаран диканех цхьадерш.

Маккахь вина а, кхиъна а ву Iумар. Майраллица а, меттан говзаллица а вевзура Iумар нахана. Цхьа а латар дацара, и цу латарехь говза волуш бен. Лекха а, гIора долуш а вара иза. Кху дуьнен чохь муьлххачу а махка вохуьйтуш, геланча а вара и. Iарбийн тайпанашна юккъехь

дов доьжна, и дерзо вохуьйтург а вара Іумар. Бераллехь дуьйна еша а, язъян а хууш вара иза.

АллахІа Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ваийтинчул тІаьхьа, бусалба дине мел веънарг мушрик наха хьийзавора, етташ а, махкарабохуш а. Зийра Дала бусалбанаш, Шен мостагІчуьнан куьйгахула. Дин къайлаха тІеоьцура наха. Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) веана пхеа шарахь бусалба дине веънарг шовзткъа стаг цакхоччуш вара. Іумарна ша дине веънний хаийта ца ваьхьара цхьа а.

Цхьана дийнахь Іумарна Умм ІабдуллахІ цІе йолуш, цхьа бусалба зуда дуьхьалкхийтира. «Хьо стенга йоьдуш ю?», - хаьттира цо. Махкарайолуш ю ша аьлла жоп делира зудчо. Мича йоьдуш ю хаьттира цуьнга Іумара, «Хьабаша» олучу метте йоьдуш а хиллера иза. «ХІунда йоьдуш ю хьо цига?», - хаттарш дора Іумара. «АллахІана Іибадат дан йоьдуш ю со! Аша тхуна зенаш дина, хьийза а дина тхо, Іазап а Іовшийтина, тхайн Далла Іибадат дан а ца дити аша тхо!», - жоп делира Умм ІабдуллахІа. «ДІагІо, хІета», - элира Іумара. ЧІогІа тамашина дара цо иштта жоп далар, и бусалба зуда а цецъелира Іумарх, и шога хилла волу дела.

Іа́мир ибн Раби́Іа хаьттира Умм ІабдуллахІе: «Іумаран къамел кІеда хийтирий хьуна? Бусалба дине вогІур ву аьлла хетий хьуна и?». Цо жоп делира: «КІеда къамел-м ди цо соьга». Іа́мир ибн Раби́Іа элира тІаккха: «ВаллахІи, ХаттІабан вир бусалба дине деъча а, Іумар вогІур ма вац

дине». Оццул чIогIа наха тIедуьтуш дацара Iумар бусалба дине ван тарлуш хилар.

ТIаьхьарчу хенахь Iумар жимма кIадвеллера бусалба нахаца. Цунна гора мушрик наха бусалбанашна тIехь латториг а, уьш мел чIогIа шайн динах тасабелла бу а. Даг чохь шеко кхоллаелира Iумаран, - «нийса ду те и бусалба дин?», - аьлла. Амма дине веъна вацара и. Кхиболу нах санна ма вацара Iумар, Маккара эланех цхьаъ вара и.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) доIа динера: «Я АллахI, Ислам-дин чIагIде ахь кху шина къонахах хьайна дукхавезачуьнца – Абу ЖахIлаца я Iумар ибн ХаттIабца», - аьлла.[15] Iумар хиллера АллахIана цушиннах дукхавезарг.

Цкъа цхьана стага элира: «ХIай Iумар, нах буьйцуш ма ву хьо, хьайн хIусам йиц а йина». «ХIун ала гIерта хьо?», - хаьттира Iумара. «Хьан йишас ФатIимас шен дин хийцина», - жоп делира цу стага. «Харцлоь хьо», - аьлча шега Iумара, - «вагIа а гIой, хьажа тIаккха хьо», - элира цо.

Геннара хаалора Iумар вогIуш хилча, цундела цуьнан йишина а хиира иза. ФатIиматна а, цуьнан хIусамдена СаIи́д ибн Зайдана а Къуръан хьоьхуш жима кIант Хабба́б вара цаьрца чохь. «ТIо́-ХIа́» сурат Iамош бара уьш. СаIи́д ибн Зайд Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ялсаманица кхаъ баьккхиначарех а ву. Iумар вогIуш хезча, Хабба́б дIалечкъира.

15 Тирмизий: 3681

Чоьхьа а ваьлла, Іумара хаьттира: «Бакъ дуй суна хезнарг?». Фа́тІимас – «хІун хезна хьуна?», - аьлла, дуьхьал хаттар дира цуьнга. «Ахь хьайн дин хийцина аьлла», - элира Іумара. Фа́тІимас бакъдерг дІаэлира – ша дин хийцина, АллахІаца а, Цуьнан Элчанца а иман диллина аьлла. Къуръан тІеяздина долу тептар схьаэца гІоьртира Іумар, амма йишас ца эцийтира цуьнга. СаІи́д ибн Зайда элира: «Ахь хІун до, хІай Іумар?». Іумаран девешин кІант вара иза, йиша яхнарг а вара. Лаьтта охьавиллира цо СаІи́д ибн Зайд, вен дагахь. Шен ваша дІаваккха гІоьртина йолу Фа́тІимат, тоьхна, лаьтта охьайожийра Іумара. Къуръан тІехь долу тептар схьаийцира Іумара, дешархьама. Амма йишас схьадаьккхира и цуьнгара, АллахІаца накъост лоцуш, мушрик ву хьо, боьха ву хьо, лийча а лийчина схьавола аьлла. Іумар лийча вахара, шен даг чохь шеко йолу дела. И юхавеъча дІалечкъина волу Хабба́б а сехьавелира. Тептар схьа а эцна, «ТІо́-ХІа́» сурат деша волавелира Іумар, бархІалга аятна тІекхаччалц дийшира цо иза. «АллахІ – Ша воцург, кхин дела воцург ву, Шен уггар а хаза цІерш ерг а ву», - боху аят а дешна[16], Хабба́б эцна, аравелира Іумар.

«ХІай Іумар, стенга воьдуш ву хьо?», - хаьттира цунах кхоьруш волучу жимачу кІанта Хабба́ба. «Стенгахь ву Мухьаммад?», - хаттар дира Іумара. Ма алийта шега элира Хабба́ба, къайлаха вовшахбетталуш, дин Іамош бара Пайхамаррий, цуьнан асхьабашший.

16 Сурат ТІо́-хІа́, аят: 8

ТIечевхира цунна Iумар, схьадийца шега аьлла. Хаббáба дийцира Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) муьлхачу хIусамехь ву, цуьнца цу чохь асхьабаш а бара, царех вара Хьамза - Пайхамаран деваша, АллахIан лом, кхо де хьалха иман диллинера цо.

Iумара неI туьйхира церан. НеI еттарг мила ву а хиъна, Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира асхьабаша.

Хьамза а, Iумар а вевзу вайна – шиэ а АллахIан лом ду, майра а ву. ТIаккха Хьамзас, баттара тур даьккхина, – «ХIай АллахIан Элча, Iумар суна витахьа! Нагахь и дика дезаш велахь – дика а лур ду ас цунна, вон дезаш велахь – вон а лур ду», - элира. Амма Хьамзал а, Iумарал а майраниг, шел майраниг кху лаьттан букъ тIехь хилла а я хир а воцу Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ма ву цу чохь. Сийдолу Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира цуьнга: «ДIахила, Хьамза, Iаддайита и неI». Схьайиллира цо неI, лаьтташ Iумар вара. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), шена тIе схьа а озийна, - «ХIай Iумар, хIинцца иман дуьллу ахь, я АллахIа стиглара бала боссор бу хьуна тIе», - элира цуьнга.

Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дIа а хьаьжна, Iумара жоп делира: «Со веъна-кх ала: «АшхIаду ан ла илахIа иллаллахI, ва аннака расулуллахI»».

Тоьшалла дира цо АллахI воцург, кхин дела цахиларца а, Мухьаммад АллахIан Элча хиларца а.

Самукъадалар совдаьллачу асхьабаша маьхьарш туьйхира: «АллахIу акбар», - аьлла.

АллахIа боху: «АллахIа дог исламана схьадиллинарг, шен Делан нур тIехь а волуш, дикох вац шен даг тIе мухIар тоьхна чул? Бала бу шайн дегнаш АллахI хьехорах къиза долчарна».[17]

АллахIа Ислам-дине дог схьадиллиначарех вара Iумар а. Шен ткъе ворхI шо долуш дине веара иза, бусалба дин доладелла ялхалгIа шарахь. Шовзткъа стаг вовшахкхийтира бусалба нах – кIеззиг бара уьш, амма тахана эзарнашкахь бусалба нахал а тоьлла а бара уьш.

Iумара Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дуьххьара дина дехар дара: «ХIай АллахIан Элча, гучудаккхийтахьа вайга вайн дин». Къайлаха хIумма а дацара Iумаран, я и кхоьруш а ма дацара цхьа а хIума. Амма Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) пурба ца делира цунна. ТIаккха дIа а вахана, жимма Iийна юхавеара Iумар – «хIай АллахIан Элча, гучу маца доккху вай дин?», - аьлла. Пайхамарера (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) пурба хилира цунна.

«Абу ЖахIл мичахь ву?», - хаьттира Iумара нахе. Маккара эла вара иза а, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дукха зенаш дина а вара. И шен хIусамехь вуй а хиъна, цуьнан неIаре хIоьттира Iумар ибн ХаттIаб. Цунна неI схьа а йиллина, Абу ЖахIла элира:

17 Сурат аз-Зумар, аят: 22

«Маьрша вогIийла хьо, хIай Iумар. ХIун бахьана ду хьо варан?». «Айса Мухьаммадца иман диллиний хьуна хаийта веъна со», - жоп делира цунна Iумара.

«Харцлоь хьо», - ца тийшира Абу ЖахIл цунах. «ХIан-хIа, бакълуьш ву со», - къар ца лора Iумар а. Кхин и къобал ца деш, шен неI дIакъевлира Абу ЖахIла. Юха а неI туьйхира цуьнан Iумара, схьа а йиллина, - «лаа лелий хьо?», - хаьттира цуьнга. «Хьуна хаийта веъна со, АллахIан Элчанца иман диллина ас», - юха а шениг дуьйцура Iумара. «Харцлоь хьо», - бохуш, теша ца тешара Абу ЖахIл. «Бакълуьш ву со, хIай АллахIан мостагI», - аьлла, дIавахара цигара Iумар.

Дика хабар даржош мила ву хаьттича, Жами́л олуш цхьа стаг вийцира Iумаре, цунна хезнарг ца хууш Маккахь стаг вуьсуш вац аьлла. Цунна тIе а вахана – «Жами́л, керла хабар хезний хьуна?», - хаьттира Iумара. «ХIун хабар ду иза, хIай Iумар?», - элира цо. Ша бусалба дине веъна хилар Iумара довзийтча, кхин цхьа а дош ца олуш, дехьа а ваьлла, мохь туьйхира Жами́ла: «ХIай нах, Iумара шен дин хийцина», - аьлла. «Дин хийцина ма ала, бусалба дине веъна ала», - аьлла, туьйхира цунна Iумара. ТIаккха юха а мохь белира цуьнга: «Iумара бусалба дин тIеэцна», - аьлла.

Цул тIаьхьа КаIбанна хьалха дIа а хIоьттина ламаз дира Iумара, и хьал гича, кхечу асхьабаша а дира цигахь ламаз. Хьалха цхьаммо а дина дацара ламаз КаIбанна хьалха, мушрик нахана гуш а долуш.

Іумара иман диллина аьлла хабар даьржира Маккахь. Мушрикаш вовшахкхийтира, цунна етта дагахь. Дуьххьара Іутба сехьавелира, амма Іумар, и лаьтта охьа а виллина, цунна тІе дІахІоьттира, и вен гІерташ. Го бира мушрик наха Іумарна, цуьнца тийсабелира уьш, ткъа иза – ша цхьаъ вара. Уьш берриш а юхатуьйхира Іумара, къар ца велира иза. ТІаккха мохь туьйхира Іумара: «ХІай къурайшийн охІла, валлахІи, тхо кхо бІе стаг вовшахкхетча, Макка шуна юьтур ма яцара оха», - аьлла.

Шен хІусаме а вахана, - «со бусалба дине веъна, шу а дуьйла», - элира Іумара шен доьзале. Цуьнан кІанта ІабдуллахІа жоп делира: «Ас иман диллина-м шо хан ю», - аьлла.

Кхойтта бер дара Іумаран: исс кІант, йиъ йоІ. Цуьнан берриг доьзало иман а диллира.

ХІара – Іумар дине веъна дуьххьара де дара.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) доІа динера: «Я АллахІ, Іумаран даг чуьра цабезам дІа а баккхий, иманца хийца ахь и», - и дешнаш кхузза олуш.[18]

Денош дІаоьхура, бусалба нах хьийзош бара.

АллахІан мостагІаша тахана бусалба нах а, миска нах а махкарабахар, церан хІусамаш ягор, динах тасавелларг хьийзош – и дерриг а вайна бен ца кхаьчча а дац, я вайна тІехь доладелла а дац. И къизалла Пайхамарна а (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), цуьнан асхьабашна а

18 Мажму́І аз-Зава́ид лил-ХІайсамий, агІо: 9/65

тIехь дIайолийна ю АллахIан мостагIаша. Вайл чIогIа уьш зийна шуна Дала.

Тахана вайга мел кхочу бала – цкъа хьалха Пайхамаре а (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), цуьнан асхьабашка а кхаьчча. Ткъа АллахIа Шена дукхавезарг зоь. Делахь а, хала ду вайна, вайца Iумар цахиларна.

Хьал хийцам боцуш лаьттара – бусалба нах хIинца а хьийзош бара керстанаша. ТIаккха АллахIа омра дира цаьрга Маккара Мадинате хIижрат де аьлла.

Къайлаха, мушрикашна шаьш дой ца хоуьйтуш, хIижрат дира бусалба наха, Iумар воцчо. Маккара элий цхьаьнакхеттаче а вахана, хIораннан а цIе а йоккхуш, кхайкхам бира цо: «Шен нана елхийта луург сехьавала! Со Мадинате хIижрат деш ву!», - аьлла. Амма царех цхьа а меттах ца велира.

АллахIа боху: «АллахIа кхин адамаш далор ду, Шена а дезаш, царна Ша а везан долу. Муъма-нахаца эсала хир бу уьш. Керстанашца шога хир бу уьш. ЖихIад деш хир бу уьш АллахIан новкъахь. Кхоьруш а хир бац уьш боккхучо бехкбаккхарх».[19]

Иштта вара Iумар а: и ца кхоьрура ша дин хийцина аьлла шена Iоттар ярх а, бусалба нахаца кIеда а, АллахIан мостагIчуьнца шога а вара иза.

19 Сурат Ал-Мáидахl, аят: 54

Тамашина хиламаш а ду Іумаран дахарехь, цуьнан дешнаш тІечІагІдеш АллахІа аяташ диссор санна долу.

Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) Іумара аьллачуьнан хьокъехь аят дуссура. Цкъа аьллера цо: «ХІай АллахІан Элча, хІара меттиг хьан ден ИбрахІиман ю, нахе омра де, цигахь ламаз де алий». Амма Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), шена АллахІера хаам хиллалц, ца дира омра. Масех де даьлча юха а элира Іумара изза. ТІаккха Дала аят доссийра: «ИбрахІиман меттиг ламаз ден меттиг а е шайна», - аьлла.[20]

Хьаж дечунна, тІаваф дина ваьлча, цигахь ламаз дар суннат ду.

Иштта цхьана дийнахь Іумара, шен ши куьг а айдина, - «Я АллахІ, къаьркъанан хьокъехь дерг тхуна кхачам боллуш билгалдаккха Ахь», - аьлла, доІа дира.[21] Къаьркъа мала мегаш ду я дац билгалде бохург дара иза.

Юха а АллахІа аят доссийра: «ХІай, имандиллинарш! Баккъал а, вахош долу маларш, шовкъе ловзарш, цІуш, пал туьйсу пхерчий - вон хІуманаш ду шайтІанан гІуллакхех. Ларло цунах (вочу хІуманах) - декъалхила тарло шу».[22]

Эмгаралла чІогІа долуш волчу Іумара дехна доьссина ду бусалба нехан зударшка дІакъовлало аьлла доьссина аят а: «ХІай, пайхамар (Мухьаммад)! Ала хьайн зударшка

20 Сурат Ал-БакъарахІ, аят: 125
21 Тирмизий: 3049
22 Сурат Ал-МáидахІ, аят: 90

а, хьайн йоьIаршка а, муъма-нехан зударшка а, шайн тIекхуллурш шайна тIехула (дерриге а дегI дIалоцуш) ехха охьахеца алий. Иштта дика къасталур бу (я къаьстар бу) уьш (лешха а, керстанех а) - цхьаммо а новкъарло ца ян (гIолехь ду иза). АллахI Гечдийриг, Къинхетамбийриг ву».[23]

Мунафикъ нехан корта - IабдуллахI ибн Убай ибн Салу́л велча, ша нахаца къинхетаме волу дела, цунна докъа-ламаз дан гIерташ вара Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна).

«ХIай АллахIан Элча, мунафикъ ма ву и», - аьлла, куча тIера схьалецира Iумара иза. Шен мунафикъалла гучу а дуьйхуш хилла вара IабдуллахI ибн Убай ибн Салу́л, цунна докъа-ламаз ма де бохуш вара Iумар Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), делахь а, къинхетамечу Элчано дира и ламаз. ТIаккха АллахIа аят доссийра, Iумара аьлларг тIечIагIдеш: «(ХIай, Мухьаммад!) Цкъа а докъа-ламаз ма делахь царех (мунафикъех) веллачу цхьанненна а, я цуьнан коша тIе а ма хIотталахь, хIунда аьлча АллахIаца а, Цуьнан элчанца а керстаналла дира цара, фасикъаш болуш бала а белира уьш».[24]

Ислам-динехь хиллачарех дуьххьара долу Бадр гIазотехь мушрикаш йийсар бинера бусалба наха. Царна дан дезачуьнан хьокъехь Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) Абу Бакраца дагавелира:

23 Сурат Ал-Ахьза́б, аят: 59

24 Сурат Ат-ТавбахI, аят: 84

«ДІабухку я бойу уьш вай?», - аьлла. ДІабохкийта элира Абу Бакра. Цул тІаьхьа Іумарца дагавелира АллахІан Элча (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). «ХІан-хІа, дІа ма бохка, хІара вайн дуьххьарлера гІазот ма ду, вайн ницкъ гайта беза царна, хІаллакбайта вайга уьш», - жоп делира Іумара. Делахь а, Абу Бакрана хетарг къобалдира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна).

ТІаккха АллахІа аят доссийра: «Йиш яц Пайхамарн йийсарой хила, лат тІаьхь кхоччуш ша чІагІваллалц».[25] Пайхамаррий, Абу Бакрий воьлхуче тІекхаьччачу Іумара хаьттира: «ХІай АллахІан Элча, хьо хІунда воьлху? Соьга а дийцахьа, хьоьца цхьаьна воьлхур ма вара со». Іумара аьлларг тІечІагІдеш аят доссар хиллера и шиъ велхаран бахьана.

Пхийтта сов ду Іумара аьлларг тІечІагІдеш диссина аяташ.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дийцинера шен гІан: «Шура еънера суна, мала а мелла, бухайисинарг Іумарна дІаелира ас». «Муха тидира ахь иза?», - хаьттира цуьнга. ТІаккха цо жоп делира: «Іилма дІадалар ду иза».

Цкъа АллахІан Элчане (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хаьттира: «Хьо ца карийча, хьанна тІе гІо тхо?», - аьлла. «Абу Бакрана тІе гІо», - жоп делира цо. «Иза

25 Сурат Ал-Анфáл, аят: 67

а ца каравахь?», - хаьттича, - «Іумарна тІе гІо», - элира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна).

Шега АллахІах кхера аьлча, къемат-де хІоьттина моьттуш, юьхь тІехь хийцалора Іумар, кхин адам долуш санна хеталур долуш.

ГІенах шена гинарг дийцира цкъа Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) шен асхьабашка: «Ялсамане чохь вара со. Деших йоьттина гІала гира суна цу чохь, уллехь лаьтташ йоІ а яра. Ас хаьттира и гІала хьенан ю. «Къурайшийн цІийнах волчу къонахчуьнан ю», - элира соьга. Со ву аьлла хийтира суна иза. ТІаккха хаьттира ас иза мила ву. Іумар ибн ХаттІаб ву аьлла жоп делира суна».

Цуьнга ла а доьгІуш, Іаш вара Іумар.

КхидІа дийцира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «Цу гІали чу ваха лиира суна, амма, хІай Іумар, хьан эмгаралла бахьанехь ІаддаІийра со, цу уллехь йоІ хилла дела». И дешнаш хезча вилхира Іумар. «ХІунда воьлху хьо, хІай Іумар?», - хаьттира цуьнга Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Цо жоп делира: «ХІай АллахІан Элча, хьоьца муха хир яра сан эмгаралла?».

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) аьлла цуьнан хьокъехь: «Іумар эмгаралла чІогІа долуш ву, ткъа со цул а чІогІа эмгаралла долуш ву, тхойшиннал а чІогІа эмгаралла долуш АллахІ ву».

Вайн умматна дукха пайданаш дина Іумара: динехь а, дуьненан белхашкахь а. Дуьххьара цунах аьлла ду «амирул муъминин» - бусалба нехан амир. И ву къаьркъа меллачунна дезткъе гІаж тоха йолийнарг. Дуьххьара некъ биллинарг а. Терхьаш жамаІатехь дар юханехьа долийнарг а. Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) маьждиг шординарг а. Къуръан вовшахтохийтинарг а. Къуръан дагахь Іамийначарна совгІат динарг а. Дуьнен чу девллачу берашна а, тІемлошна а, къанбеллачарна а алапа хІоттийнарг а. Молха а, уьш духку туька а йинарг а. Ахча динарг а. Пошт йинарг а. ГІаланаш йоьттинарг а. ХІижрин рузма дІаязйинарг а ву Іумар.

ЖихІад деш, ткъе ткъайоьсна мохк схьабаьккхина Іумара. Царех ю Азербайджан а. Нохчаша а цуьнан заманахь диллина ду иман.

Стигал хьала а хьоьжуш, воьлхуш Іаш воккха стаг Абу Кила́б гира цкъа Іумарна. И велхаран бахьана хаа лиира цунна: воьлхург хІунда воьлху а, баланехь волчуьнгахь берг хІун бала бу а хаа дезаш дара цунна. Хууш вара Іумар, АллахІа шега цунах лаьцна хоттур дуй.

«Доккха стагий-зудий ду и шиъ, Кила́б цІе йолуш кІант вара церан, нахах уггар чІогІа шен дений-нанний муьтІахь вара и, ткъа хІинца иза жихІадехь ву», - аьлла, кхетийра наха Іумар.

Сагатдеш, дукха чІогІа вилхина, бІаьрса дІадаьллера воккхачу стеган. Шен кІант хестош, Іумарна реза а воцуш, байт олуш вара иза. ТІаккха бусалба нехан амира тІаьхьа

нах а бахийтина, схьавалавайтира Кила́б. «Хьайн дений-нанний хIун дора ахь?», - хаьттира цуьнга Іумара. КIанта жоп делира: «МуьтIахь вара со сайн дена-нанна, шура а йоккхий, и малайора ас цаьршинна». «Дика ду, хьайн да гича, вист а ца хуьлуш, айхьа хьалха деш хилларг делахь», - элира цуьнга Іумара.

Асхьабаш вовшах а тоьхна, цу воккхачу стаге хаьттира Іумара: «ХIай Абу Кила́б, кху дуьнен чохь хьуна оьшуш хIумма а дуй?». Воккхачу стага элира: «ХIокху хене ваьллачу воккхачу стагана хIун оьшур ду? ХIан-хIа, хIумма а ца оьшу суна». Юха а хаьттира Іумара. «Цхьа хIума дара суна лууш», - элира Абу Кила́ба. «ХIун ду иза?», - хаьттича, дийцира цо: «Сайн кIант цкъа мараволла лаьара суна! Цкъа цуьнан хьожа кхета а, барт яккха а лаьара. Цул тIаьхьа со велча а хIумма а ца хетара суна». Кхаьрга хьоьжуш лаьттара Іумара вовшахтоьхна нах а, амма воккха стаг сагуш вацара. Ишар йира Іумара Кила́бе, дена шура ло аьлла. Хьайба оза а оьзна, яьккхина шура дена мало тIеяьхьира кIанта. Іумара мохь туьйхира: «ХIай Абу Кила́б, шура малахьа», - аьлла. Кад схьа а эцна, молуш волу воккха стаг, цIеххьана сецира. «ХIун до ахь?», - хаьттира цуьнга Іумара. «ХIай бусалба нехан амир, баккъал а, сайн кIентан хьожа кхийти-кх суна», - жоп делира Абу Кила́ба. «Хьан кIант ву хьуна иза», - жоп делира цунна. Маракъевлира цо шен кIант: цунах хьожа юьйхуш, цунна барташ йохуш. Вилхира и шиъ, Іумар а вилхира, кхиболу нах а билхира. И – Іумаран нийсо яра.

Киср олучу меттера геланча веънера цкъа Іумар волче. Цо хаьттира нахе: «Мичахь ву шун амир, хІара дуьне цецдаьккхина волу?». Маьждигехь вуй хьажа элира цуьнга. Цу чу а вахана, юха а хаьттира цо: «Мичахь ву шун паччахь?». «Кху чуьра аравелира иза, хІинца мичахь ву ца хаьа», - аьлла, жоп делира цунна. Лоьхуш, хоьттуш лелаш а волуш, цхьамма элира: «ДІо дитта кІелахь дІатаьІнарг ву хьуна и». Цецваьллачу геланчас хаьттира: «Сох кхаьрдаш ву хьо?», - шайн паччахь санна Іаш хила веза аьлла сурт ма дара цуьнан коьрта чохь. «Вац, и ву-кх тхан амир», - аьлча, юха а хаьттира цо: «ДІогахь ша дитта кІелахь Іуьллург вуьйцу ахь?». Вуьйцу ша элира вукхо. Ша-шега элира геланчас: «Хьукм дина ахь, юха нийсо йина ахь, тІаккха паргІат а ваьлла-кх хьо», - Іумар вуьйцуш. Иман а диллира оцу геланчас.

Керстанаш а цецбуьйлура Іумаран нийсонах.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) аьлла: «АллахІа Іумаран метта тІехь а, цуьнан даг чохь а бакъдерг лелийна».[26]

Кхечу хьадисехь дийцина Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «ГІенах нах гира суна, царна юккъехь ах коч йоьхнарш а бара, жимма еха коч йоьхнарш а бара, кхин а еханиг йоьхнарш а бара. Іумар а гира суна, гуттар еха коч а йоьхна». Наха хаьттира: «ХІай АллахІан Элча, муха тидира ахь иза?». «Іумаран дин ду иза», - жоп

26 Тирмизий: 3049

делира царна Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна).

Цхьана дийнахь Іумайр олу керста стаг араваьллера, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) вен чІагІо а йина, дІаьвша чохь Іиллийна шен тур а эцна. Сафванна бен, кхин цхьанне а хууш дацара цо арабаьккхинчу некъах лаьцна.

Мадинате кхаьчча, Іумарна гира иза. «Цхьана вонна веана ма ву хьо, хІай АллахІан мостагІ», - аьлла, схьа а лаьцна, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) тІевигира цо и. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира: «Іаддавита и, хІай Іумар». «Тур ма ду цуьнгахь», - аьлча а, - «хІумма а дац, Іаддавита», - элира цо. Шена тІе а кхайкхина, Іумайре хаттар дира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «ХІунда веъна хьо?», - аьлла. «Аша тхан схьалаьцна нах бахьанехь веъна со», - пуьчаш боьттира цо. Бакъдерг дийца элира цуьнга Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), амма цо шениг дуьйцура юха а. «Тур дохьуш хІунда веъна хьо?», - хаьттира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Юха а харцдерг элира цо. ТІаккха Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) и ша вен дагахь веъна хилар а, Сафванца цуьнан хилла къамел а, ма-дарра охьадийцира Іумайре. «ВаллахІи, уггар уллера некъаца ма веъна со кху Мадинате, АллахІера бен, кхин хьуна и хаа агІо ма яц», - аьлла, шахІадат далийна, дине веара Іумайр.

Иштта даима а оьшучу хIуманна уллехь хуьлура Iумар Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Цхьана а жихIадехь хилла вац Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), Iумар цунна уллехь волуш бен.

Iумар халиф волчу заманахь Iалийна гIан гинера: ша Iуьйра ламазе маьждиге вахча, Пайхамарна тIаьхьа а хIоьттина ламаз дина, цул тIаьхьа ансарех йолу зудчо кеда чохь еана хурманаш еллера Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), тIаккха цо массарна а цхьацца екънера уьш, шениг дIа а йиъна, Iалийс кхин цхьаъ ехча, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) кхин ца еллера цунна. ТIаккха Iуьйра ламазе молла кхойкхуш самавелира Iалий, маьждиге а вахана, Iумарна тIаьхьа хIоьттина ламаз дира цо. Цунна гIенах ма-гарра, ансарех йолу зуда чуеара, хурманаш йохьуш. Шениг йиъна ваьлча, кхин цхьаъ йийхира Iалийс Iумаре, цо элира: «Пайхамара хьуна еллехь, ас а лур ма яра хьуна».

Iумаран маттаца дистхуьлуш малик ду моьттуш хилла асхьабашна, цо сел нийса дерг олуш.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) аьлла: «Сол тIаьхьа пайхамар хуьлуш хилча, Iумар ибн ХаттIаб хир вара».[27]

Иштта кхечу хьадисехь а аьлла Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «АллахIан дин тIехь уггар чIогIа верг – Iумар ву».

27 Тирмизий: 3686

Цкъа шен асхьабашка элира Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «ХIара шиъ – сан хазаррий, бIаьрсай ду»,[28] - Абу Бакр а, Iумар а вуьйцуш.

Iумара «Бакъарат» сурат шийтта шарахь Iамийра бохуш дуьйцу цуьнан кIанта IабдуллахIа. Цхьа аят Iамош, тIаккха цуьнца Iамал еш, юха тIахьадогIург Iамош – ехха хан чохь Iамийнера цо иза. Дерриг а Къуръан иштта Iамийна дара Iумара.

Пайхамаррий, Абу Бакрий, Iумаррий, Iусманний Ухьуд лам тIе хьалабевллера. Хазахетар совдаьлла лестира и лам. Шен ког охьа а тоьхна, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира: «Саца хьо, хIай Ухьуд, хьуна тIехь пайхамаррий, сиддиккъий, ши шахIиддий ву». Сиддикъ, бакълуьш верг, Абу Бакр ву. Ши шахIид Iумаррий, Iусманний ву. Пайхамара баьккхина кхаъ бу иза цаьрга, и шиъ шахIид хир ву аьлла.[29]

Маьждиг чохь Iаш волуш, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира: «ХIинцца чувогIур верг ялсаманин охIланах ву». Iумар чоьхьавелира. Цунах лаьцна цкъа аьлла ца Iийна АллахIан Элча (Делера салам-маршалла хуьйла цунна).

Iумара аьлла вовшахтоьхна Къуръан Абу Бакр халиф волчу заманахь, «Ямама» олучу гIазотехь дагахь хуучехь дуккха а дIакхелхина дела.

28 Тирмизий: 3671

29 Абу́ Да́вуд: 4651

Леррина хIорда тIе а вахана, лаьцна чIара беънера Iумарна цкъа. Шена и бохьуш веъначуьнга элира Iумара: «Сан дуьхьа, соьга баийта, леррина и чIара бохьуш веъна хьо, хьайбанна тIе а хиина, и хьийза а деш? ВаллахIи, буур ма бац ас иза», - баа а ца биира Iумара и чIара.

Цхьана дийнахь Iумарна хезнера цхьаволчо ша юхкучу шурина тIе хи туху аьлла. И лаха араваьлла волуш, цхьана хIусамна тIехволуш, цунна хезира нанас шен йоIе шурина тIе хи тоха олуш. «Iумара ма тоха олуш ца хезна хьуна?», - элира йоIа. «Цунна хезаш ма дац вай», - жоп делира нанас. «Iумарна ца хазахь а, цуьнан АллахIана-м хезаш ду хьуна вай», - элира йоIа. И къамел хезначу Iумара шен кIантана ялийра и йоI.

IабдуллахI ибн Хьуза́фа керста нехан керавахнера. ЧIогIа хьийзийра и цара, шайн дин тIелаца бохуш. Амма и кхин къарлург а ца хилла, церан паччахьо элира цуьнга: «Ахь сан хьаж тIе барт яккхахь, ас дIавоьхуьйтур ву хьо». «Ас муха йоккху хьуна барт, хьоьга сайна яккхийта а луур дацара суна», - жоп делира IабдуллахIа. ТIаккха цу паччахьо элира: «Хьо а, хьоьца цхьаьна кхиболу бусалба нах а дIахоьцу ас, нагахь ахь барт яккхахь». Цо бусалба нах дIахоьцуш хилча, реза а хилла, цаьрца цхьаьна Мадинате юхавирзира IабдуллахI ибн Хьуза́фа. ТIаккха Iумара хьаж тIе барт яьккхира цунна, цул тIаьхьа массаьрга а омра дира цо: «IабдуллахIна дуьхьалкхеттачо, цунна хьаж тIе барт яккха», - аьлла. И а дара Iумаран нийсонах.

Хьалха заманахь шарахь цкъа Мисрера Нил хи дакъалуш хилла. Бусалба наха Миср схьаяьккхинчу хенахь Іамр ибн Іа́с вара цигахь амир. Цо кехат яздира бусалба нехан халиф волу Іумаре, Нил дакъаделла хилар довзуьйтуш, шаьш дан дезачух лаьцна а хоттуш. ТІаккха Іумара а яздира кехат: «Бисмилла́хІир-рахьма́нир-рахьи́м. ХІара кехат Іумарера Нил хига ду. Хьайн лаамца хьо лелаш делахь, хьайна луург де, амма нагахь АллахІан омранца лелаш делахь, ас АллахІе доьху-кх и хи юха схьадаийтар». Хине яздина долу кехат дІадахьийтира цо Іамр ибн Іа́се, цо иза хи чу кхоьссира, цул тІаьхьа Нил охьадоладелира, кхин сецна а дац иза. Иза – АллахІа Іумарна делла ниІмат ду. Іумара гайтира нахана дерриг а хІума АллахІан омранца лелаш хилар.

Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) гонахьа охьахевшина, хаттарш деш бара зударий. Іумар вогІуш вуй а хезна, хьалалилхира уьш. Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) велавелла а гина, Іумара элира: «АллахІа совдоккхийла хьан хазахетар». ТІаккха дийцира Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) зударий цунах къахкарх лаьцна. «ХІай АллахІан Элча, хьо сол а чІогІа хьакъ вара уьш къахка», - жоп делира цунна Іумара. Цул тІаьхьа зударшка элира цо: «ХІай шайн догІмийн мостагІий, сох къаьхки шу, ткъа АллахІан Элчанах ца кхаьхкина шу». Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира цуьнга: «Сайн са керахь долчуьнца дуй ма буу ас, хьо цхьана а новкъа тІе ма ца

волу, цу тIера шайтIа кхечу новкъа тIе долуш бен».[30] ШайтIа додуш хилла Iумар вогIучу новкъара.

Цхьа тоба жихIаде дIа а хьажийна, хьехам беш вара Iумар. Цхьа хан яьлча, хьехам а сацийна, мохь туьйхира цо: «ХIай Сария, лам», - аьлла. Цу тобанна хьалхаваьллачуьнан цIе яра Сария. ТIаккха кхидIа шен хьехам бира цо. Толамца юхайирзира жихIаде хьажийна хилла тоба, цара дийцира Iумаре: «Тхо эшна аьлла хеттачу хенахь, хьайчух тера аз а долуш, цхьамма мохь туьйхира тхоьга: «ХIай Сария, лам», - аьлла». ДIахьаьвсича, лам а гина, цу тIе хьаладевлира тхо, цу тIера летира тхо, тIаккха АллахIа толам а белира тхуна». АллахIа дIахазийтинера царна Iумара тоьхна мохь.

АллахIах кхерар дукха чIогIа долуш, Iазап даларх лаьцна аяташ хезча, воьлхура Iумар. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) аьлла: «АллахIах кхоьруш билхинчу бIаьргана жоьжахати гур яц».

Новкъа воьдуш а волуш, цхьана кIанта Iазап даларх лаьцна аяташ доьшуш а хезна, охьа а хиъна, вилхира Iумар. Цул тIаьхьа сихха шен хIусаме а вахана, юха а вилхира Iумар. Цхьа бутт чохь баьккхира цо, дукха сагатдина цомгуш хиллера иза, шена хезна аят бахьана долуш.

Iуьйра-ламазехь «Юсуф» сурат дешар дукхадезара Iумарна. Кху аят тIе кхаьчча: «Цо элира: «Ас АллахIе балхабо сайн бала а, гIайгIа а»»,[31] - тIаьххьарчу магIарехь

30 Бухáрий: 3294

31 Сурат Ю́суф, аят: 86

а хезаш хуьлура Іумар воьлхуш. Сел онда долу цуьнан дегІ доьлхура, шена АллахІан къамел хезча.

Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) асхьаб волу ТІалхьас дуьйцу, хІора дийнахь къайлаха цхьана хІусаме оьхуш гира шена Іумар бохуш. Цу чохь хан а яьккхина, и араваьлча, ша вахара цу чу боху цо, бІаьрзе а йолуш, къен а йолуш, йоккха стаг карийра цунна цу чохь. Цо хаьттира: «ХІай нана, и хьо йолче оьхуш волу стаг стенна оьху?». Йоккхачу стага жоп делира: «И мила ву-м хаац суна, делахь а, хІора дийнахь ван а вогІий, сан чоь а цІанйой, сан бедарш а юьттий, суна кхача а кечбой, дІавоьду и». «Мила ву ца хаьа хьуна и?», - хаьттира цуьнга ТІалхьас. «ВаллахІи, хаа-м ца хаьа суна», - элира цо. Вилхира ТІалхьа, ша-шега ала а олуш: «ХІай ТІалхьа, бусалба нехан амир Іумар ву хьуна иза».

Цкъа шен накъостаца новкъахь схьавогІуш а волуш, цхьана йоккхачу стага элира Іумаре: «Суна дагадогІу хьох Іумайр олуш, хьо базарахь берашца ловзуш, къийсало хан а. Цул тІаьхьа воккха хилира хьо, тІаккха Іумар элира хьох. Юха кхин а воккха хилира хьо, хьайх «бусалба нехан амир» олуш. АллахІах кхералахь, хІай Іумар». Вилхира бусалба нехан паччахь волу Іумар, тІаккха цуьнца хиллачу накъосто элира: «Хьайн АллахІах кхера, хІай йоккха стаг, бусалба нехан амир ма ву иза». «ХІан-хІа, Іаддайита иза къамел дан! И мила ю ца хаьа хьуна?», - элира Іумара. Ца хаьа шена аьлча, - «АллахІана шен къамел дІахезна зуда ю

иза! Ас муха дугIур дацара цуьнан къамеле ла? ХавлахI ма ю иза», - элира цуьнга Iумара.

АллахIах тешар а, И цхьаъвар а чIогIа дара Iумаран.

Маккахь болу ялсамане чуьра Iаьржачу тIулгана барт а яьккхина, цо элира: «Хьо тIулг буй хаьа суна, зен а ца до ахь я пайда а ца бо», - кхиболу асхьабаш Iамош вара Iумара.

Дуккха а нах бу тахана Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) суннат Iадда а дитина, нийсса цунна дуьхьал дерг лелош. Дол диллар, тIийригаш тийсар, коча жайнаш охкар, кхидолу а цу тайпа хIуманаш лелош. Ткъа Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) лелийна дац уьш, иштта цуьнан асхьабаша а. Цуьнгара доцург - бидIат ду, дерриг бидIат – тилар ду, шадолу тиларш жоьжахатехь хир долуш ду, вайна иза Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ша билгал ма-дарра.

Оццул безачу тIулгана барт йоккхуш Iумара бохург хьажахьа: «Хьо тIулг буй хаьа суна, зен а ца до ахь я пайда а ца бо. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хьуна барт йоккхуш сайна ца гинехь, ас а йоккхур яцара хьуна и». И ду - Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) тIаьхьвазар а, и везар а.

«Шажаратуррудван» олучу, шена бухахь асхьабаша Пайхамарна Сулхьул Хьудайбиййехь байIат дина долу, диттана зерат дан буьйлабеллера нах, Iумар халиф волчу заманахь. ТIаккха Iумара шен бухаца дIадаккхийтира и дитт: хууш ма дара цунна и дитт бен даций. Дуьххьара

зерат дан буьйлало нах, юха беркат ду цуьнгахь олу, тIаккха жим-жимма АллахIаца накъост варна тIе доьду и. Нах галбовларна кхеравеллера Iумар. Тавхьид – АллахI цхьаъвар олу цунах, Iумарехь чIогIа хилла долу.

Шеца доьлхуш бер а долуш, йоккха стаг дуьхьалкхеттера Iумарна. Цо хаьттира и бер делхаран бахьанах лаьцна. «Мацаллина доьлхуш ду иза», - жоп делира цунна зудчо. «ЯахIума эца таро яц хьан?», - хаьттира цуьнга Iумара, амма шеца къамел дийриг мила ву хууш дацара цунна. «Цхьа дирхIам дац соьгахь. ВаллахIи, къемат-дийнахь, АллахIана дуьхьалхIоьттича, дIадуьйцур ма ду ас Iумарна», - элира цо. «И хIунда дуьйцу ахь? Iумарна хIун девзу хьан хьал?», - аьлча, - «бусалба нехан халиф ма ву иза, сан хьал муха ца хаьа цунна?», - жоп делира йоккхачу стага. «ХIун аьлла хета хьуна, ас хьайна ткъе пхи динар делча?», - хаьттира Iумара. «ХIунда луш ду ахь иза?», - аьлча, - «къемат-дийнахь ахь Iумарна арз ца дийриг», - кхетийра зуда цо. Цецъяьллачу йоккхачу стага хаьттира: «ХIай стаг, хьо сох кхаьрдаш ву?», - хьехориг доккха ахча долу дела. «ВаллахIи, кхаьрдаш ма вац со. Реза юй хьо?», - элира цуьнга Iумара. Iалий а, цуьнца кхин цхьаъ а хиллера царна уллехула тIехволуш. Салам делира цаьршимма: «Ассаламу Iалайкум, хIай бусалба нехан амир», - аьлла. Йоккхачу стагана гучувелира Iумар, - «хьо ву Iумар, бусалба нехан амир?», - хаьттира цо. Iумара мукIарло дира: «Ву. Делахь, вайшимма мах бина хьуна», - аьлла. «Ас гечдина хьуна», - элира цуьнга зудчо, амма АллахIах кхерар тIех сов долуш

волу Іумара Іалий, цуьнца верггий тІе а кхайкхина, уьш тешаш хІиттийра, ша цунна билгалбина болу мах дІало, АллахІе цо арз ца дийриг аьлла.

Шен накъостаца араваьллачу Іумарна гира юьстаха йогуш цІе. ТІевахча, йоккха стаг гира цаьршинна, гондахьа бераш а ховшийна, цІера яй а биллина, Іаш. «Хьо хІун деш ю?», - хаьттира цуьнга Іумара, амма цунна а вевзуш вацара Іумар. «Бераш меца ду сан», - жоп делира зудчо. «Яй чохь хІун ю хьан?», - хаьттича, - «хий, тІулгашший ду. ЯахІума схьайолу бохуш, Іехош, кІадбелла дІа ца буьйшу те бохуш Іаш ю со. Къемат-дийнахь Іумарна арз дийр ду ас», - элира цу йоккхачу стага. Сихонца сагІа охьадуьллучу хІусаме а вахана, ги деман гали туьйхира Іумара. Цуьнан накъосто элира: «ХІай бусалба нехан амир, соьга тохийта и ги». «Къемат-дийнахь сан къинош хьур дуй ахь?», - жоп делира Іумара. Гали дІа а даьхьна, царна кхача а кечбина, шен куьйга яийра цо берашна. «Бусалба нехан амиран ца кхаьчча болу бала кхечи-кх хьан тхоьца. Хьо Іумарал а сов хьакъ вара-кх амир хила», - элира баркаллечу зудчо. «Кхана Іумар волче гІо, иза а карор ву хьуна ас дийриг деш», - аьлла, дехьа а ваьлла, цаьрга а хьоьжуш, охьахиира Іумар. «ДІагІо вайшиъ, хІай Іумар?», - хаьттира цуьнан накъосто. «Уьш меца болуш ма-гарра, буьзна болуш а ган лаьа суна», - аьлла, вилхира Іумар, АллахІах кхоьруш.

Цуьнца хиллачо дуьйцу, шаьш цул тІаьхьа Іуьйра-ламазе маьждиге дахча, Іумара Къуръан доьшуш, шайх цхьа а кхеташ вацара цунах бохуш. Дукха чІогІа Іумар

воьлхуш волуш, цу йоккхачу стеган хьокъехь Дала шега хаттарна кхеравелла, цо олу дешнаш къаьсташ дацара.

ШолгIачу дийнахь еара и зуда Iумар волче, шена яахIума кечйинарг и вуй хаа а хиира цунна.

Iумаран куча тIехь ейтта йома яра, цуьнан бос муьлхург бу а ца къаьсташ – оццул гена вара Iумара дуьненан хIуманех. АллахIаца йолу шен юкъаметтиг тойинера цо. Мацаллина шен кийра къекъа боьлча, Iумара элира: «Хьайна ма луу къар-къир-м де, амма, валлахIи, бусалба нах буззалц, ас хьо бузор-м бац».

Шаме вахча, тоьлла яахIуманаш хьалха ехкинера Iумарна. Цо хаьттира: «ХIара саннарш шун мискачу наха юий?». Ца юу элира цуьнга. «Меца нах буй шун?», - хаьттича, бу элира цуьнга. «ТIаккха царна хIун ду?», - аьлча, - «царна ялсамане хир ю, уьш собаре хилахь», - жоп делира цара. «АллахIа вайна хIара яахIума хаьржина, ткъа цу мискачу нахана ялсамане хаьржина», - аьлла, ца йиира Iумара.

Цкъа цомгуш хиллачу Iумарна лоьро хьийхира, моз даа аьлла. Ах дуьне шен керахь долчу Iумара элира: «Моз эца ахча дац соьгахь». «СагIа охьадуьллучу хIусамера схьаэцахьа, хьуна сагIа ду-кх иза», - элира цуьнга асхьабаша. «Маьждигехь нах вовшах а тохий, цхьана дирхIамах ас моз эца мегий хатта. Уьш шаберш реза хилахь, оьцур аша суна. Царех цхьаъ а дуьхьал хилахь, ма эца», - омра дира цо. Бусалба нехан амир вара-кх иза – моз эца цхьа дирхIам доцуш.

Шен кIантехь цхьа дирхIам ахча гинера Iумарна. И мичара даьлла хаьттича, сагIа охьадуьллу хIусам лелочо деллий хиира цунна и. «Ахь мичара делла кхунна и дирхIам?», - хаьттира цуьнга Iумара. «Массарна а сагIанаш а, закаташ а дIайсадекъначул тIаьхьа, и цхьа дирхIам карийра суна. Хьан кIантал чIогIа и хьашт долуш цхьа а кара а ца вина, цунна дIаделира ас», - жоп делира цу стага. «И дирхIам бахьана долуш соьгара жоп дехийта лууш ву хьо?», - аьлла, юхадалийтира Iумара и дирхIам ахча.

Оццул шен хьашто хилча, схьа хIунда ца оьцу, аьлла, вайна кIеззиг хIума хета иза. Iумарна а хетара и кIеззиг хIума, эхарте диллича.

Iумар халиф волуш Иерусалимера Къудс маьждиг схьадаьккхира бусалба наха. Керста наха элира: «Оха дуьхьало ца йо шуна, амма догIанаш Iумаре бен дIалур дац». Царна юккъехь дуьйцуш хиллера Къудс схьадоккхур хиларх лаьцна, кхаа элпах лаьтташ цIе йолчу стага. Цу стеган куьцаш муха хила деза хууш бара керста нах, уьш дерриш а Iумарехь дара. Амма цхьа куц дара царна Iумарехь ду-дац ца хууш, хьовса лууш бара уьш. Мадинате а бахана, Iумаре схьакхайкхира. Ткъа бусалба нехан амир шена гондахьа эскарш даьхна, шена хьалхара некъ цIанбойтуш ца велира новкъа, мелхо, шеца цхьа хьадалча а эцна, вир тIе а хиина, хийца а луш, дIавахара и шиъ. КIадвелларг вир тIе хууш, вукхо и вир схьалоцуш, дIавоьдуш волу, Iумар вир схьалаьцна а волуш, хьадалча цу тIехь а волуш дIакхечира уьш. Мохь белира бусалба нахе: «Iумар схьакхаьчча», -

аьлла. «Іумар муьлхург ву?», - хаьттира керста наха. «Вир лаьцна вогІург ву», - жоп делира царна. «Делахь, хІара вукх и тхоьгара мохк схьабоккхун болу Іумар», - элира цара, бусалба нехан амирехь тІаьххьара шайна тІе ца тоьуш хилла долу куц а гина.

Абу Іубайдас, дуьхьал а вахана, элира цуьнга: «ХІай Іумар, хьайна тІехь ерг йоцург, кхин коч яцара хьан тІейоха? ХІара вир доцург, кхин тІехаа хІума а яцара хьан?». ОьгІазваханчу Іумара жоп делира: «ХІай Абу Іубайда, хьо а воцуш, кхечо хІара къамел динехь, ас тоьхна хир ма яра цунна! АллахІа бусалба динца чІагІдина къам ма ду вай».

Къудсан догІанаш Іумаре схьа а делла, бусалба наха толам баьккхира. АллахІах кхераро а, тешаро а дуьзначу Іумаран даг чохь кураллина меттиг яцара.

Цкъа Іумара хаьттира: «ХІай Хьузайфа, Пайхамара мунафикъ нехан цІерш йохуш, царна юккъехь сан цІе йоккхуш-м ца хезна хьуна?». «Хьан цІе яц царна юккъехь, я хьо воцучо соьга хаьттина а дац шен цІе юй», - жоп делира цунна. Юха а хаьттира Іумара: «Соьгара цхьа питана дужур ду олуш-м ца хезна хьуна?». «ХІан-хІа, хьуний, питанний юккъехь дІакъевлина неІ ю», - элира Хьузайфас. «И неІ схьайоьллур ю я каггор ю?», - хаьттича, - «каггор ю», - аьлла, жоп делира Іумарна, тІаккха кхийтира иза ша цхьамма вуьйр вуй. Цуьнан маьІна - Іумар дийна мел ву, питанан неІ дІакъевлина ю.

Ткъа вайх цхьанна а дагадеъний те, мунафикъ ша-м вац те я цуьнан куьйцаш-м дац те шегахь аьлла.

Мадинатехь адам делча, Хьузайфас дечунна бен, докъа-ламаз деш вацара Іумар, цо ца динехь, и мунафикъ хиллий кхетара иза.

Цкъа Іумарна гІенах гинера шена нІаьно кхузза зІок тухуш. «Іарби а воцуш, цхьана стага вуьйр ву хьо, кхузза хІума а Іоьттина», - аьлла, тидира цуьнан гІан. Шен Іожалла гергаеъний хиира Іумарна. Мадинатера ара ца волуш, АллахІе доІанаш деш Іийра Іумар, ша Элчанна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) улле дІаволлийта лууш.

ДоІанаш дора Іумара: «Я АллахІ, шахІид ве Ахь сох, Элчанца цхьаьна а тоха Ахь со», - бохуш. Цо тІаьххьара деш хилла долу доІа дара иза. Асхьабаша олура: «ХІай Іумар, кху Мадинате веана, хьо хьан вуьйр ву?». «АллахІана дика хаьа», - жоп делира Іумара. «Я АллахІ, къанвелла со, гІора а гІелделла сан, Іуьналла дан деза меттигаш шоръелла, - ткъе ялх пачхьалкхана дола деш вара Іумар, - Хьо волче дІавигахьа со», - аьлла доІа дира Іумара. Цул тІаьхьа Іуьйра ламазехь, даима а ма-хиллара, воьлхуш а волуш Іумар, цІерна Іибадат деш волу АллахІан мостагІ Абу Луълуъ чоьхьавелира. Іумара дуккха а вонех кІелхьаравийхина а вара иза. Ламазехь лаьттачийн магІарш а хедош, Іумарна тІе а вахана, кхузза тур туьйхира цо цунна. Шена мосазза туху, - «АллахІу акбар», - олий, мохь тухура бусалба нехан амира Іумара. Цецбевллера асхьабаш, хилларг хІун ду кхеташ а бацара уьш. Стогарш ма дацара церан, хІинца санна. Царна а тур лестийра Абу Луълуа, царех кхойттанна кхийтира, ворхІ вала а велира. Ткъа бисина асхьабаш шена

тIекхачале, ша-шена тоьхна, велира и АллахIан мостагI. Баттахь дIаьвша чохь латтийна хиллера цо шен тур.

Iумар шен хIусаме вигира. Дуьххьара цо дина хаттар дара – ша ламаз диний аьлла. Ткъа шен ламаз кхочуш ца хиллий а хиъна, ша хьала а гIаттавайтина, чекхдаькхира цо иза. ШолгIа хаттар дира цо: «Мила ву со вийнарг?», - аьлла. Цунна жоп делира: «ЦIарна Iибадат деш волу Абу Луълуъ ву», - аьлла. АллахIана хастам бира цо, ша бусалба стеган керахула ца кхалхарна. Нахе ламаз де бохуш, мохь беттара Iумара, ша цIий оьхуш Iуьллуш волуш.

Асхьабаш боьлхура, - «хIун хилла Iумарна?», - бохуш. И дине вар а, цуьнан нийсо а дагаеъча, совдолура церан белхар. Iалийс элира цуьнга: «ХIай бусалба нехан амир, валлахIи, цхьа бIаьрг боьлхуш ма бац, хьуна доIа деш бен».

Iумаран кIанта IабдуллахIа боху: «Iумара шура мелча, цуьнан чевнаш чухула охьаоьхура иза».

Шен кIанте мохь туьйхира Iумара, лаьтта охьавилла ша аьлла. IабдуллахIа боху: «Iумара сайга и аьлча, ша хIун дуьйцу ца хууш хир ду-кх цунна аьлла хийтира суна». ШолгIа а мохь белира Iумарера, лаьтта охьавилла ша аьлла. Тергал ца дира IабдуллахIа цо бохург. Юха а мохь тоьхча кхийтира иза, Iумар кхетамчохь а волуш луьш вуй. ТIаккха охьа а виллира цо Iумар.

Iумаре хьажа чу а веъна, аравелира цхьа стаг. Iумара тидам бина хиллера, цунна тIера духар деха хиларан. Юха чу а кхайкхийтина, цо элира: «Хьайна тIера духар

хьорканал охьа ма далийта, цІена а хир ду хьан иза, АллахІах кхерар а хир ду хьан». ДІакхалха герга а вахана Іуьллуш ша волушехь, бала кхечира Іумаран, и доккха къа ма латаде ала. Іумаран амалехь ма дацара нийсаниг дІа ца олуш Іар, дуьненан дахарех дІа а хаьдда ша Іуьллуш волуш а цхьаьна.

Шен кІанте ІабдуллахІе элира Іумара: «Пайхамаран хІусамнана йолче а гІой, цуьнгара пурба деха со Элчанна улле дІаволла. Амма бусалба нехан амира боху ма алалахь, Іумара боху ала. Цо пурба лахь – ма дика ду-кх иза, нагахь ца лахь – бусалба нехан кешнашка дІаволлалаш со».

Іа́ишата, шега пурба дехча, жоп делира: «Со елча, сайна йитина яра ас и меттиг, делахь а, Іумарна лур ю ас иза». Хаза кхаъ бохьуш юхавеара ІабдуллахІ. И чоьхьаваьлча, Іумар жимма хьалаайвелира, хІун жоп делла хаа лууш. «Хьуна дезарг хили, хІай Іумар», - кхаъ баьккхира цунна кІанта ІабдуллахІа. «АллахІана бу-кх хастам», - элира Іумара.

«Ма бала бу-кх суна, нагахь АллахІа геч ца дахь», - элира, шена ялсаманица кхаъ баьккхина волу, Пайхамарна ялсамане чохь шен гІала а гина волу Іумара.

Абу Бакра Іа́ишатна тидина хилла долу гІенара кхоалгІа бутт а Іа́ишатан хІусаме буьйжира, Іумар кхалхарца: цуьнан хІусамехь, Пайхамарний (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), Абу Бакраний уллехь, дІавоьллира иза.

ДІакхелхира Іумар, кхузткъе кхо шо - Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) кхелхаш хилла

йолу хан а йолуш. Итт шарахь ялх баттахь деа дийнахь лаьттира Іумара халиф волуш, бусалба нахана чІогІа беркате хан яра иза.

ДІаеллаелира питанан неІ. Шен нийсонца дуьне цецдаьккхинарг вара Іумар.

ІабдуллахІ ибн МасІу́да аьлла: «ВаллахІи, Іумар дукхавезаш жІаьла хилча, и жІаьла дукхадезар ма дара суна», - оццул чІогІа везаш хилла Іумар нахана.

Іабба́са аьлла: «Іумарал гІоли стаг ма ца гина суна: цуьнан буьйса - ламаз ма дара, цуьнан де - марха ма дара».

Іабба́сан кІанта аьлла: «Іумар хьехор дукха делаш. И аша вийцахь - нийсо юьйцур ю аша, ткъа нийсо юьйцучехь АллахІ дагавогІур ву шуна».

ІабдуллахІ ибн МасІу́да аьлла: «ГІорасиз хилла ма дац тхо, Іумара иман диллича дуьйна. Цо иман диллар - толам бара, цо хІижрат дар - гІо дара, цуьнан паччахьалла - нийсо а, къинхетам а бара».

ХІун дара те Іумар цу дарже кхачийнарг? Дера дара, хІара дуьне цуьнан даг чохь цахилар. АллахІ везаро хьаладуьзначу даг чохь меттиг ма яцара дуьненна. Іумаран даг чохь дацара дуьне, амма, бакъду, цуьнан керахь-м дара иза.

МуІавията аьлла: «Абу Бакрана дуьне а ца дезза, я дуьненна Абу Бакр а ца везза. Ткъа Іумарх дерг аьлча, дуьненна-м Іумар везара, амма цунна дуьне ца дезара».

АллахIа Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) а, Iумар а, мелболу асхьабаш а безар лойла вайна. Дала Iумарца ялсаманехь цхьаьнатухийла вай.

Іусма́н ибн Іаффа́н

Пайхамарш дІабевлча, кху умматехь кхоалгІаниг ву Іусма́н ибн Іаффа́н. И вара-кх Пайхамарна а, маликашна а шех эхь хеташ! «Шина нуьран да» аьлла Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) шена цІе а тиллина! Цкъаллиг-цкъа корта бахош долу малар мелла а воцуш, цІунашна сужуд дина а воцуш! Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), дийна а волуш, ялсаманица а, шахІидан даржаца а кхаъ баьккхина волуш!

Цкъа Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) шен гІан дийцира: «Стиглара терза охьадеара, цхьана агІора Абу Бакр, вукху агІора дерриг уммат диллича, Абу Бакра даздира терза. ТІаккха цхьана агІора Іумар, вукху агІора дерриг уммат диллича, Іумара даздира терза. Цул тІаьхьа цхьана агІора Іусман, вукху агІора дерриг уммат диллича, Іусмана даздира терза».

Кху умматехь хьалхарниг Абу Бакр ву, шолгІа – Іумар ву, кхоалгІа – Іусман. АллахІ реза хуьйла царна массарна а!

Іусманехь Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ши йоІ хиллера, цундела цо цунна «Зун-нурайн» - шина нуьран да аьлла цІе тиллира. И ши нур – Рукъаййат а, Умм Кулсу́м ю.

Къурайшийн цІийнах вара Іусман. Цуьнан ден цІе – Іаффан яра, цуьнан да - Абул-Іа́с ву, цуьнан да - Умаййа

ву, цуьнан да - Іабду Шамс ву, цуьнан да - Іабду Мана́ф ву. Пайхамаран а (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), Іусманан а дайш цхьаьнакхета Іабду Манафна тІекхаьчча. Іусман – Элчанан дейишин йоьІан кІант ву. Цуьнан ненан цІе – Арва́ яра, ткъа цуьнан нана - Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дейиша Умм Хьаки́м яра.

Маккара эланех хилла волу Іусман, Ислам-дин доладалале а, хьал долуш вара. Комаьршаллица а, къинхетаме хиларца а вевзура и нахана. ГІиллакх хаза долуш а, эхь хетар чІогІа долуш а вара иза. Къурайшийн тайпанна веза а везара и, лара а лорура цара и. ХІунда аьлча, ша оццул вехаш Іаш волушшехь, куралла яцара цуьнгахь. Цхьадолчу адамашна, шайн таро хилча, даг чу куралла тосу. Амма царех вацара Іусман ибн Іаффан. Хьал долчуьнца а, къечуьнца а цхьатерра юкъаметтиг лелайора цо. Шен даьхни хиларна, дозалла ца дора цо, цундела нахана везара и. Къурайшийн тайпано олуш а хиллера шайн берашка: «Нахана Іусман ма-веззара воьзийла хьо».

Дине вогІуш ткъе дейтта шо долуш хилла Іусман. АллахІа элча ваийтина аьлла шена хезча, хатта аравелира иза. Цу дийнахь иман диллина волу Абу Бакр а вара, ша дине вогІушшехь, кхиберш а дине кхайкха араваьлла. Вовшахкхийтира Абу Бакрий, Іусманний. «АллахІа элча ваийтина аьлла ма хезна суна», - элира Іусмана. «Ваийтина», - аьлла, шеца Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) волче вигира Абу Бакра иза. Цигахь шахІадат а далийна, иман диллира цо.

Абу Бакран куьйгахула дине веара Іусман, дуьххьара иман диллиначарех а ву иза. Абу Исхьа́къа боху: «Дуьххьара дине веънарг Абу Бакр ву, шолгІа - Іалий ву, кхоалгІа - Зайд ибн Хьа́рис ву, воьалгІа - Іусман ву».

Къурайшийн охІанна хиира Іусман дине веъна хилар. ЧІогІа оьгІазбахана, хьере хиллера уьш, шаьш хІун дан деза ца хууш. Хьал долуш, нахана везаш, лоруш волу эла ма варий Іусман. Цуьнан девашас Хьакама элира: «Ас, шен дайша лелийначу дине юхаверззалц, Іазап лур ду цунна». ЧІогІа хьийза а вира цо иза, са ца даккхалуче валлалц. ТІулгашна Іибадат де бохуш, шегахь сел доккха Іазап цо латтошшехь, Іусмана олура: «Уьш тІулгаш бен ма дац, цара зен ца до я пайда а ца бо». Юха а олура цуьнга девашас: «Мухьаммадан дин Іаддадита». «ВаллахІи, нийсо Іадда а йитина, харцонна тІе воьрзур ма вац со», - олий, жоп лора Іусмана. Шен ницкъ кхочург шадерг а дира Хьакама Іусманна тІехь, тІаьххьара а и шега дин тІера ца ваккхавелча, вен ца вийча, гІуллакх хир даций а кхетта, цо элира нахе: «Сан цунна кхин дан хІума дац, соьга ца ваккхало и юха». Иштта Іаддавитира цо Іусман, кхин Іазап ца луш.

Цул тІаьхьа Пайхамаран йоІ Рукъаййат ялийра Іусмана. Цуьнца Хьабаша олучу махка хІижрат а дира цо – АллахІан новкъахь дуьххьара шен доьзалца хІижрат динарг ву Іусман.

Хьабашахь вехаш а волуш, хабар кхечира Іусмане, Маккахь мел верг бусалба дине веъна аьлла. И хезча, юхавеара иза, амма бакъ ца хиллера иза.

Бусалба наха Мединате хIижрат деш, Iусман а вахара цаьрца. Цу юкъа хан яьлча, цомгуш а хилла, цуьнан хIусамнана Рукъаййат дIакхелхира. ТIаккха Пайхамара шен йоI Умм Кулсу́м яхийтира цуьнга. Тарихехь цхьаллиг-цхьаъ вац цхьана пайхамаран ши йоI ялийна хилла, Iусман воцург. Цул тIаьхьа Умм Кулсу́м а дIакхелхира, АллахIан Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира Iусмане: «Сайн кхин а йоI хилча, кхоалгIа а хьоьга йоуьйтур ма яра ас».

БархI зуда ялийна хилла ву Iусман, уьш берриш а дине веъча балийна а бу цо. Хьалхара зуда Пайхамаран йоI Рукъаййат яра цуьнан, шолгIа - Умм Кулсу́м, цул тIаьхьа кхин ялх ялийра цо. Амма долахь йианал сов яцара цуьнан.

Ялхийтта доьзалхо а вара цуьнан: исс кIант, ворхI йоI.

Пайхамарал (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ялх шо жима вара Iусман, нахалахь уггар чIогIа шен гIиллакх Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) гIиллакхах тера дерг а вара иза.

Дукха лекха а воцуш, лоха а воцуш, кIайн басахь хаза юьхь-сибат а долуш, юькъа йоккха маж а йолуш вара Iусман.

Мединатехь бехаш бара бусалба нах: дин Iамош, и даржош, жихIад деш.

АллахIан новкъахь дукха харж йора Iусмана, шортта а рицкъ шен долушшехь, хIара дуьне дIатеснера цо.

Ткъе итт эзар мужахIидах лаьтташ долу Табук гIазоте даха арадаьлла эскар кечдан таро яцара Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Цо кхайкхам бира: «ХIара эскар кечдиначунна ялсамане ю». Iусмана элира: «БIе эмкал ло ас, хIоранна а тIехь рицкъ а долуш». Юха а элира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «ХIара эскар кечдиначунна ялсамане ю». Исс бIе шовзткъе итт эмкал а елира Iусмана, рицкъанах йоьттина а йолуш, шовзткъе говр а елира, эзар дешин динар а делира. Велакъежира Пайхамар, - «кхул тIаьхьа зен хир дац Iусманна, тахана цо динарг бахьана долуш», - элира цо.[32]

Ибн Исхьа́къа боху: «Iусмана цу дийнахь йина йолу харж, кхин цхьамма а йина яц».

Абу СаIи́д Ал-Худрийс боху: «Пайхамар гира суна, пхьуьйра-ламаз диначул тIаьхьа Iуьйра-ламаз хан хиллалц АллахIе доьхуш: «Я АллахI, со Iусманна реза хилла, Хьо а реза хилахьа цунна», - бохуш».

Мадинатехь бусалба нахе къоьлла кхечира: молу хи лахделлера церан. «Ро́мат» олуш гIу яра цхьана жуьгтичуьнан, шортта а хи а долуш чохь, амма бусалба нахана дукха деза духкура цо иза.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира: «Ро́мат гIу эцначунна ялсамане ю». И дешнаш шена хезча, Iусман сихвелира, цу жуьгтичунна тIекхача. Мах билгал а бина, схьайохка шена гIу элира цо. Амма реза ца

32 Тирмизий: 3701

хилира гІунан да, хІунда аьлча бусалба нахана хи а духкуш, дуккха а цаьргара ахча доккхура цо. ТІаккха ах гІу йохка шена элира Іусмана, цхьана дийнахь жуьгтичо схьаоьцур долуш хи, шолгІа дийнахь ша схьаоьцур долуш. Цу тІехь барт хилира цаьршиннан. Іусмана элира бусалба нахе: «Дедда-юкъа шайна мел деза хи схьаэца цу гІу чуьра». Шина денна тоал хи хьора хІораммо а. Шена хиллачух кхетта волу жуьгтичо Іусмане дехар дира, йисина ах гІу а шегара эца аьлла. Цо, эца а эцна, бусалба нахана сагІина йитира и гІу, шена луучо хи хьур долуш.

Іибадатца а, шен даьхница а ялсамане эцнера Іусмана.

Іа́ишата дуьйцу: «Пайхамар шен хІусамехь дІатаьІна Іаш вара, жимма гучуяьлла носта а йолуш. Пурба а даьккхина, Абу Бакр чувеара, ша ма-хиллара Іаш вара Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), цуьнга вист а хилла аравелира Абу Бакр. Цул тІаьхьа жимма хан яьлча, пурба а даьккхина, Іумар чоьхьавелира, иштта вист а хилла, аравелира иза, ткъа Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хІинца а жимма носта гучуяьккхина Іаш вара. ТІаккха Іусмана пурба дийхира чуван, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), шен носта къайла а йоккхуш, нисвелла охьахиира. Іусман, вист а хилла, араваьллачул тІаьхьа, ас хаьттира: «ХІай АллахІан Элча, Абу Бакр чувеъча а меттах ца велира хьо, иштта Іумар чувеъча а меттах ца велира хьо, ткъа Іусман чувеъча, носта къайла а йоккхуш, нис ма вели хьо?». Цо

жоп делира: «Маликашна а шех эхь хетачух, суна муха хетар дацара?».[33]

Ша луьйчуш а, АллахIах эхь хетий, шен дегI хьулдора Iусмана. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) кхечу хьадисехь аьлла: «Царех уггар чIогIа эхь хетарг Iусман ву».[34]

Пайхамаррий, Абу Бакрий, Iумаррий, Iусманний Ухьуд лам тIе хьалабевллера. Хазахетар совдаьлла лестира и лам. Шен ког охьа а тоьхна, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира: «Саца хьо, хIай Ухьуд, хьуна тIехь пайхамаррий, сиддиккъий, ши шахIиддий ву».[35] Сиддикъ, бакълуьш верг, Абу Бакр ву. Ши шахIид Iумаррий, Iусманний ву.

АллахIан Элча (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) вара шен асхьабашка хин долу питана дуьйцуш. «Цу питанах кIелхьаравер вац цхьа а», - олушшехь, шелонна юьхь дIакъевлина а йолуш, тIехволуш стаг вара, мила ву къаьсташ а воцуш, цунна тIе пIелг а хьажийна, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) чекхдаьккхира шен къамел: «И юьхь къевлинарггий, цуьнца хилларггий бен». И дешнаш хезча, Iумаран кIанта IабдуллахIа, тIекхетта, сацийра и стаг. «ХIай АллахIан Элча, хIара вуьйций ахь?», - хаьттира цо. Вуьйцу ша элира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Цуьнан юьхь гучуяьккхира

33 Муслим: 2401
34 Тирмизий: 3790
35 Абу́ Да́вуд: 4651

ІабдуллахІа, и мила ву хьажархьама - Іусман хиллера и. Ткъа дуьйцуш хилларг хІун питана дара тІаьхьо хуур ду вайна.

Абу Муса Ал-АшІарис дуьйцу: «Цхьана дийнахь ламаз эцна, аравелира со. Ари́с гІу йолчехь Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) гира суна, тІе а вахана, цуьнга салам а делла, айса-сайга элира ас: «Тахана Элча ларвийр ву ас». Со неІарехь лаьтташ а волуш, цхьамма меттахъяьккхира и, чуван дагахь. «Мила ву?», - хаьттира ас. Абу Бакр ву ша элира цо. Цуьнга собар де а аьлла, Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) пурба даккха вахара со. Ас элира: «ХІай АллахІан Элча, Абу Бакр ву чуван пурба доьхуш». «Чу а ваийта, ялсаманица кхаъ а баккха цуьнга», - жоп делира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Ас, юха а вахана, кхаъ а баьккхина, чувитира Абу Бакр, вахана, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) улле охьахиира иза. Жимма Іийна юха а неІ меттаххьайра. «Мила ву?», - хаьттира ас. Іумар ву ша элира цо. Цуьнга а собар де а аьлла, Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) пурба даккха вахара со. «ХІай АллахІан Элча, Іумар ву чуван пурба доьхуш», - элира ас. «Чу а ваийта, ялсаманица кхаъ а баккха цуьнга», - жоп делира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). ТІаккха, юха а вахана, кхаъ а баьккхина, Іумар а чувитира ас. Пайхамарний, Абу Бакраний улле охьахиира иза. КхоалгІа а неІ меттахъяьккхира цхьамма. «Мила ву?», - хаьттира ас

юха а. Іусман ву ша элира цо. Цуьнга а собар де а аьлла, Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) пурба даккха вахара со. «ХІай АллахІан Элча, Іусман ву чуван пурба доьхуш», - элира ас. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) жоп делира суна: «Чу а ваийта, цуьнга кхочун болу бала бахьана долуш, цунна хин йолу ялсаманица кхаъ а баккха цуьнга». Юха а вахана, кхаъ а баьккхина, чуваийтира ас Іусман. Пайхамарний, Абу Бакраний, Іумарний улле охьахиира иза а.

Абу Мусас шега кхаъ баьккхича, Іусмана элира: «Собаре хир ву со, Дала мукъ лахь». Хила а хилира иза собаре. Ткъа и хІун бала бу а, Іусман стенна тІехь собаре хиллера а тІаьхьа дуьйцур ду вай.

Хьадисехь деъна, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира аьлла: «ХІай Іусман, АллахІа хьайна тІе коч йохахь, цул тІаьхьа мунафикъ нах и коч хьайна тІера охьаяккха гІортахь, и охьа ма яккхалахь, АллахІа и хьайна тІера охьаяккхалц». Вехха Іийра Іусман и хІун коч ю хьоьжуш, цунах лаьцна а тІаьхьо дуьйцур ду вай.

Іумарна тур а диттина, цуьнан са далале, тІаьххьара хан чохь хаьттира цуьнга: «Хьайна тІаьхьа мила вуьту ахь?», - аьлла. «Ялханнах цхьаъ харжа», - элира Іумара, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ялсаманица кхаъ баьккхиначарех дийна висина волу ялх стаг вара уьш.

Іабдур-Рахьма́н ибнІавфа элира: «ВаллахІи, мухІажирех а, ансарех а хаттаза цхьа хІусам ма ца йитина ас, шаверг а Іусманна реза ву». Иштта Іусман халиф хаьржира, Іумар

дIакхелхича. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) йийцина хилла йолу коч тIеюьйхира АллахIа Iусманна, бусалба нехан халиф а вина цунах.

Iусман мужахIид вара – ша халиф волуш, дукха мехкаш схьадехира цо: ерриг Африка а, Азин малхбале а, Таджикистан а, Армени а, кхин а дуккха а меттигаш а.

ХIорда тIехь гIазот дар дуьххьара Iусман халиф волуш долийра.

Шамера амир волу МуIа́вият ибн Суфьяна хабар даийтира Iусмане, шена хIорда тIехь жихIад дан пурба ло аьлла. Амма бусалба нехан амир реза ца хуьлура, хIордан буьрсалла евзуш. МуIа́вията юх-юха баьхча, пурба делира цунна Iусмана, цхьа бехкам а болуш – цо шеца шен хIусамнана йигахь. Дукха чIогIа реза а хилла, шен хIусамнана шеца хIорд-кеманна тIе хьала а яьккхина, хIорда тIехь жихIад долийра цо. Дуккха а мехкаш схьа а дехира бусалба наха.

Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) массо а гIазотехь цуьнца хилла ву Iусман, Бадр гIазот доцург – Рукъаййат чIогIа цомгуш а хилла, цIахь витинера и Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Цу дийнахь цу лазарх дIа а кхелхира Iусманан хIусамнана.

Ша гIазотера юхавеъча, шаьш яьккхинчу хIонсах Iад делира Iусманна Элчано, - «и гIазот диначунна ма-хиллара ял ю хьуна а», - элира цо цуьнга.

Iусман халиф волуш, рицкъ керадеънера бусалба нахана. Шайн дахарехь цкъа а моз диъна боцуш нах а бара,

ткъа Іусман халиф волчу заманахь диира цара иза. Дуккха а диканаш дара нахана цу хан чохь, асхьабаша олуш а хиллера: «Іусмана нахана уггар мерзаниг а йоькъий, шена бепиг, даьттий бен ца дуу».

ХІора баттахь нахана луш алапа хІоттийра Іусмана. Иштта хІора шарахь хІоранна а духар а дара луш. Іусманан Іадат дара – пІераска-де тІедеъча, лай хьалхавуьтуш. Шен дахарехь ши эзар сов лай, эца а оьцуш, хьалхавитира цо.

Дуккха а ду Іусманан диканаш, царех ду Къуръан цхьана чудерзор а, и дешар цхьана меттан га[36] тІехь дар а. Тайп-тайпана меттан генашца доьшуш хилла наха Къуръан, цу тІехь церан къосам хилла аьлла шена хезча, Къуръанан охІланах болу баккхий асхьабаш схьа а гулбина, цхьа меттан га билгалдаьккхина цо, цуьнца доьшур долуш. Тахана вайн керахь долу Къуръан ду иза.

Коша уллехь воьлхуш Іаш Іусман а гина, наха хаьттира цуьнга: «ХІай бусалба нехан амир, хьо хІунда воьлху?». Цо жоп делира: «ХІара хІун ю ца хаьа шуна? Каш ма ду хІара. Къемат-дийнан дуьххьара меттиг а ю: кху чохь лена атта хилахь, цул тІаьхьа дерг кхин а атта хир долуш, ткъа кху чохь хала хилахь, ккул тІаьхьа дерг кхин а хала хир долуш».

Іусман халиф волу тІаьххьара шина шарахь мунафикъ нах а, царна тІаьхьахІиттина хьекъал доцу нах а баьржинера бусалба мехкашкахь. Жуьгтичо, ІабдуллахІ ибн Сабаа,

36 Диалект

вовшахтоьхнера уьш, Иракера, Йеменера, Мисрера, Шамера. Бусалба нехан барт бохор а, церан дегнаш декъар а, царна тешнабехк бар а яра цуьнан Іалашо.

Шайн питанан юьхьиг уггар а лакхарчунна Іиттарш еш йолийра цара, нахана гергахь цуьнан лакхалла а, сийлалла а йожорхьама. Сийдолчунна тІера дІабуьйлабелира уьш. Іилма долчуьнан сий хуьлу, ткъа и сийсазвича, наха цуьнга ла а ца дугІу. Іусманна Іиттар ян буьйлабеллера мунафикъ нах! Маккара а, Мадинатера а нахана юккъехь цуьнан хьокъехь харц къамелаш даржадора цара: «Іусман Бадр гІазотехь хилла ма вац. Ухьуд гІазотехь Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) кхелхина аьлча, цигара дІавахнерий те иза?», - бохуш.

Таханлера мунафикъ нах а бу цу заманахь хилларш! ЦІерш хийцаеллехь а, шаьш хийцабелла бац уьш, мекарлонаш цхьатерра лелайо цара! Тахана а ма кхийда уьш уггар дикачу нахана тІе! Царна Іиттарш ма йо цара.

АллахІа боху: «Баккъал а, АллахІан лешна юккъера Цунах кхоьруш берш Іеламнах бу».[37]

Мунафикъашна хаьа Іилма хьоьхурш а, даржориш а Іеламнах буй, уьш нахана гергахь шаьш бехбича, цаьрга ладугІур даций! Цундела Іеламнахана Іиттарш йо цара, церан сий дайа гІерта.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) аьлла: «Баккъал а, Іеламстагана гечдар доьху стиглахь

37 Сурат Фа́тІир, аят: 28

а, лаьттахь а мел долчу хIумано, хи чохь болу чIеро а. Iеламстеган дозалла, Iибадат дечунна хьалха, беттан седарчашна хьалха ма-хиллара ду».[38] Ткъа бетто мел серло ло а, седано мел серло ло а хаьа-кх вайна!

И мунафикъаш АллахIан нур дIадайа гIерта, Iеламнахана Iиттарш а еш!

Iусманна ен Iиттарш совъевллера. Нехан дегнаш тIера и вожо гIерташ лелара уьш, амма Iусмана хIумма а ца олура.

Хьаж доьхку денош тIекхочуш а долуш, жуьгтичо кечам бира. Басрера а, Ку́фатера, Мисрера а нах вовшахтоьхна, цо элира: «Мисархой Iалийна тIе а гIой, ала: «Iусман халиф хила хьакъ вац, оха хаьржинарг хьо вара». Куфатеранаш Зубайрина тIе а гIой, ала: «Iусман халиф хила хьакъ вац, оха хаьржинарг хьо вара». Басреранаш ТIалхьина тIе а гIой, ала: «Iусман халиф хила хьакъ вац, оха хаьржинарг хьо вара»», - ша юьстах а соцуш, уьш дIахьовсийра цо.

Мисархой Iалийна тIебахара. Цара шайна жуьгтичо хьехнарг дIаэлира цуьнга: «Iусман халиф хила хьакъ вац, оха хаьржинарг хьо вара, хьуна байIат до оха». Iалийс жоп делира: «ВаллахIи, кхуза даьхкина долу, Элчанан маттехула неIалт хилла ма ду шу! ДIадуьло кхузара», - аьлла. Уьш дIабахара. Ма доккха хIума ду-кх! Iалийс ма-даллара жоп делла хиллера-кх Зубайрас а, ТIалхьас а шаьшшинна тIебаьхкиначарна!

38 Абу́ Да́вуд: 3641

Реза яцара и кхо тоба шайн коьртера мунафикъна! «Цара Іусман ву ма боху халиф хила хьакъ, ахь тхо стенна дахийтина царна тІе», - аьлла, шайн мехкашка юхаберза новкъабевлира уьш.

Керла мекарло ян дагадеара жуьгтичунна. Кехат тІе хІоттош долу мухІар кечдира цо шена, Іусманан чух тера а долуш. Халифан цІарах кехаташ яздира цо: «Басрера амире ду хІара кехат Іусманера. Цига дІайогІуш тоба ю, уьш дІакхаьчча церан когаш а, куьйгаш а даха», - аьлла, Іусманан мухІар тухуш тІе. Иштта Мисрера а, Куфатера а амирашка а яздира цо изза.

Кечдина, и кехаташ кхаа стаге дІаделира цо. Некъа тІе дІа а хІиттина, цара элира: «Іусманера къайлаха кехаташ ду тхоьгахь». ТІекхетта, и кехаташ схьа а даьхна, дийшира цу наха. Царна гира, тІехь Іусманан мухІар а долуш, шаьш хІаллакде аьлла дина омра. ОьгІазлонца юхабирзира уьш. Іусманан хІусамна го бира цара.

Асхьабаша, вовшах а кхетта, Іусмане элира: «Вистхила веза хьо цаьрга». Цара массара а дехар дарна, Іусмана элира: «ХІай нах! Шух цхьанна а ца хезна АллахІан Элчано Табу́к гІазоте эскар кечдиначунна ялсамане ю олуш?». Асхьабаша хезна шайна элира. «Ткъа со вацара и эскар кечдинарг?», - хаьттира цо. «Вара», - элира цуьнга асхьабаша.

Юха а хаьттира Іусмана: «Шух цхьанна а ца хезна АллахІан Элчано Ро́мат гІу эцначунна ялсамане ю олуш?». Асхьабаша хезна шайна аьлла жоп делира. «Ткъа со вацара

и эцнарг?», - элира цо. «Пайхамаран ши йоI шегахь хилла цхьа а вевзий шуна, со воцург?», - аьлла, и къамел а дина, шен хIусам чу вахара Iусман.

Цул тIаьхьа Iусман шен чохь Iаш а волуш, цуьнан хIусамна го бира мунафикъаша. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), собаре хиларе кхойкхуш, дийцина долу питана тIекхечира цунна.

ВорхI эзар гергга стаг вара цуьнан хIусамна го бинарг, царна юккъехь мунафикъ наха даржийначу эладитех тешна болу хьекъална эшна нах а бара. Амма цхьаллиг-цхьа асхьаб вацара цаьрца, берриш а IабдуллахI ибн Сабаъ олучу жуьгтичо цхьацца нхьара гулбина бара.

Вовшах а кхетта, эскар санна, тIемаца ца баьхкира уьш! Шаьш мунафикъ нах хиларе терра, тешнабехкаца, шаьш хьаж дан богIуш санна, Маккахь а, Мадинатехь а жим-жимма баьржира уьш, нахана юккъехь шайн эладиташ даржош, царех цхьаболчеран дегнаш чу шеконаш а туьйсуьйтуш! Цул тIаьхьа го бира цара Iусманан хIусамна, халиф волчера дIавала аьлла.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хьадисехь – «мунафикъ нах хьайна тIера и охьаяккха гIортахь, охьа ма яккхалахь», - аьлла, йийцина йолу коч – Iусманан паччахьалла дара. Цо дехха лардина долу де тIекхечира. Iусманера паччахьалла схьадаккха баьхкина бара мунафикъаш! Шовзткъа дийнахь го латтийра цара, яа а, мала а чу ца йохьуьйтуш. Асхьабаш тIеоьхура Iусманна, и мунафикъаш хIаллакбан пурба доьхуш. Царех вара

баттара тур даьккхира веъна Абу ХIурайрат. «Царех цхьаъ вер – дерриг адам дер санна ду. Хьайн чу гIо», - аьлла, жоп делира цунна Iусмана.

Зубайрас кехат яздира Iусмане: «Ахь пурба делча, хьан хIусамехь хьуна улле дIахIуттур вара со», - аьлла. ЖихIадехь керста нехан тоба йоькъуш хилла долу лом дара Зубайр. Амма халифа пурба ца делира цунна.

Цул тIаьхьа, шен да санна къонах волу, IабдуллахI ибн Зубайр веара, баттара даьккхина тур а долуш. Цо а пурба дийхира Iусмане уьш хIаллакбан, амма цунна а пурба ца делира.

Iусманан неIаре а веъна, КаIб ибн Ма́лика мохь туьйхира: «ХIай ансараш! ШолгIа а АллахIан динан гIоьнчий хила», - аьлла. Дуьххьара мухIажираш тIе а лаьцна гIо динера ансараша динна, ткъа шолгIа – Iусманна гIо де бохура цо. Вовшахкхийтира уьш, Iусман ларвеш, цуьнан неIарехь. АллахIан мостагIий цуьнан хIусамна го а бина Iаш бара. Ансараша элира: «Ахь пурба лахь, шолгIа а АллахIан динан гIоьнчий хуьлу хьуна тхо». Амма Iусман реза ца хилира. «ДIайсадовла», - аьлла, омра а дина, дIабахийтира цо уьш.

Iалий веара шен ши кIант Хьасан, Хьусайн тIаьхьа а хIоттийна, баттара даьхна тарраш а долуш. Цо элира: «Дукха тIехбевлла уьш! ХIинца мукъане омра де тхоьга, хIаллакбайта уьш. Соьца пхи бIе мужахIид ву хьуна, тIехь гIагI а долуш. Ахь пурба лахь, ас юхатуху хьуна уьш».

«АллахIа диканца бекхам бойла хьуна. Амма со бахьанехь цIий Iанийта ца лаьа суна», - аьлла, жоп делира Iусмана.

Цул тIаьхьа, ара а ваьлла, бусалба нахе кхайкхам бира Iусмана: «Со шун амир вуй?», - аьлла. «Ву», - жоп делира цара. «Амирна муьтIахь хилар важиб дуй?», - хаьттира юха а Iусмана. «Ду», -аьлча, - «шайн цIа а гIой, чохь Iе аьлла омра до ас шуьга», - элира Iусмана.

Ша вен баьхкиначаьрца а цхьаьна кIеда-мерза вара иза.

Кхиболу асхьабаш а оьхура Iусманна тIе, цаьрца тIом бан пурба доьхуш.

Шаьш Iусман ларвийр ву аьлла, цуьнан неIаре дIахIиттира Хьасан ибн Iалий а, IабдуллахI ибн Зубайр а, Мухьаммад ибн Хьа́тIиб а, Марва́н ибн Хьакам а.

Амма ша ларвеш буй хиъча, Iусмана дIабахийтира уьш. Ша висира иза, шен хIусамненаца.

Шовзткъа дийнахь го латтийча, пIераскан-буса шен ламаз дечехь наб кхеттера Iусманна. Набарх велакъежаш а гина, самаваьлча, цуьнан хIусамнанас дийцира цуьнга иза. «ГIенах АллахIан Элча гира суна. Цо хаьттира: «Мацвиний хьо цара, хIай Iусман?». «Вина», - элира ас. Юха хаьттира цо: «Хьагвиний цара хьо?». «Вина», - элира ас. «ХIай Iусман, собаре хила хьо! Кхана соьций, Абу Бакраций, Iумарций ялсамане чохь марха даста лаьий хьуна?», - хаьттира Элчано. «Лаьа», - элира ас», - аьлла, шен гIан а дийцина, марха лецира Iусмана.

Цуьнан хIусамнанас На́илата дехар дира Iусмане: «Пурба лохьа суна сайн коьртара йовлакх охьа а даьккхина, араяла. ТIаккха эхь а хетта, дIайсабевр бара уьш», - иштта Iадат хиллера церан. Вайн а ду иза: мел доккха дов хилархь, зудчо шен коьртара йовлакх охьадаьккхича, эхь хетий, дIайсабовлуш.

«ВаллахIи, цкъаллиг-цкъа хьан коьртара мас гур ма яц царна», - жоп делира Iусмана.

Марха а лаьцна, ламаз а дина, Къуръан доьшуш Iаш а волуш иза, АллахIан мостагIех цхьаъ чуиккхира. Шена дуьхьалъяьллачу На́илатна тIара туьйхира цо. Ткъа Iусман дезткъе ши шо долуш, воккха стаг вара. Цо доIа дира: «АллахIа ши куьг а, ши ког а, ши бIаьрг а боккхийла хьан. АллахIа жоьжахати чу а вохийтила хьо», - аьлла. Шена Iусмана и доIа дича, кхера а велла, араиккхира и Делан мостагI.

ШолгIа а чуиккхира царех цхьаъ, Iусман Къуръан доьшуш а волуш. Цо шена тур тухуш, дуьхьал куьг лаьцначу Iусманан и куьг даьккхира Делан мостагIчо. ТIаккха Iусмана элира: «Элчане беъна хаам дуьххьара дIаязбина куьг даьккхи-кх ахь». ХIусамнана гIо даккха гIоьртира Iусмане, амма пIелгаш дехира цуьнан. Тур диттира цу Делан мостагIчо Iусманна, цуьнан цIий керахь хиллачу Къуръанна тIе а Iенаш. «АллахIа хьалхавоккхур ву хьо царех, Иза – хезаш а, хууш а ву»[39], - аьллачу аятна тIехь дара Iусманан цIий.

39 Сурат Ал-БакъарахI, аят: 137

Шийтта шарахь халиф а лаьттина, хIижратан ткъе пхийтталгIа шарахь, зул-хьижжат баттахь, Къуръан доьшуш а волуш дIакхелхира Iусман ибн Iаффа́н.

И вийначо дуьйцу, иссазза тур туьйхира ша цунна бохуш: ккхузза АллахIан дуьхьа а, ялхазза цуьнга болчу цабезамна а.

Iусманан хIусамнанас На́илата цуьнан цIийх юьзна коч а, шен даьхна пIелгаш а Шамера амирна МуIа́виятна дIадахьийтира. Гергара хиларна, чIир эцар цунна тIедужуш дара.

Цул тIаьхьа Iусман вуьш дакъа мел лаьцнарг, сийсаза а волуш, хIаллаквира. АллахIа бекхам бира хIоранна а.

Iусманна го бича, хьехам бан, мимбар тIе хьалаваьллера иза, керахь Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) Iаса а йолуш. Го биначарех цхьана Делан мостагIчо и Iаса оззийна схьа а яьккхина, - «дIасаца, тхуна хIумма а ма дийца», - аьлла, шен голах а тоьхна, каггийра иза. Цу Iасанна тIера дечиг а Iоттаелла, ког юххьара а баьлла, дIабаккха бийзира цуьнан. Цу бахьаница вала а велира иза.

Асхьабаша дуьйцу, Iусман вен чуиккхина хилла волу стаг, цуьнан хIусамнанна тоха а тоьхна, Iусмана шена доIа дина волу, ши куьг а, ши ког а, бIаьрса а доцуш шайна гира бохуш. Мохь бетташ а хиллера цо: «ХIинца дисинарг жоьжахати вахар бен ма дац суна», - бохуш. АллахIа жоп деллера Iусманан доIанна.

Іусманан дозалла а, диканаш а дийцина ца довллал ду. Делахь а, цхьа хІума кхачаме ду вайна - АллахІан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дош: «Іусман ялсаманин охІланах ву».

АллахІа Іусманан санна эхь хетар а, майралла а, комаьршалла а лойла вайна. Цуьнца ялсаманехь цхьаьна а тухийла Цо вай.

Іалий ибн Абу ТІо́либ

Пайхамарш дІабевлча, кху умматехь воьалгІаниг ву - Іалий ибн Абу ТІо́либ. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) шайна ялсаманица кхаъ баьккхиначарех а ву иза.

Цуьнан да Абу ТІо́либ АллахІан Элчанан деваша вара. Маккара эланех цхьаъ вара иза. Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) жима волуш кхиийнера цо, шен берел а чІогІа везаш. Бусалба дин долалуш, Элчанна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дукхазза гІо дина а вара иза. Цунна хууш дара шен вешин кІант Мухьаммад – АллахІа ваийтина элча вуй а, бусалба дин – нийса дин дуй а. Делахь а, кхин иман ца дуьллуш велира Абу ТІо́либ. Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) вара цунна тІехІоьттина лаьтташ, дехарш деш: «ХІай сан деваша, алахьа «лаилахІа иллаллахІ», къемат-дийнахь цу дешнашца хьуна тоьшалла дийр дара ас», - бохуш. Амма шен дайн дин тІера юха ца велира иза.

Ткъа цуьнан нана – ФатІимат яра. Цо кхиийна вара Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Ша вина йолу нана дІаяьлча, шен шолгІа нана ю олура Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) шен девешин зуда. Мадинате хІижрат а дина, бусалба а йолуш, цигахь кхелхира иза. И дІаюллуш, АллахІан Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) шена тІера коч

тесира цунна тIе, цул сов цуьнан коша чу а воьссина, шен беркате куьйгашца дIа а йоьллира цо иза.

Абу ТIо́либан а, ФатIиматан а ялх доьзалхо хилла: виъ кIант а, ши йоI а. Воккхахволучуьнан цIе ТIо́либ яра, цо иман ца диллира, делахь а, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дуьхьал тIом бина а вац иза. ШолгIаниг – Iакъил вара, бусалба а волуш кхелхира иза. КхоалгIаниг – ЖаIфар вара, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) лараме асхьаб хилла волу. Цуьнан хьокъехь АллахIан Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) аьллера: «ЖаIфар сох тера ву, гIиллакх а ду цуьнан сайчух тера». Хайбар схьайоккхуш, Хьабашера, жихIадехь дакъа лаца, схьавогIуш вара ЖаIфар, амма тIе ца кхиира иза. Шена и гича, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) аьллера: «Суна ца хаьа сайна хазох хIун хеттера: Хайбар схьаяккхар я ЖаIфар схьавар». И дешнаш хезча, самукъаделира ЖаIфаран. ХIонсаш йоькъуш, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) пха белира цунна, цу гIазоте кхача цуьнан нийт хиларна.

Цул тIаьхьа Муъта гIазотехь, румхошна духьал тIом беш, дIакхелхира ЖаIфар. Ши бIе эзар керстанна дуьхьал кхо эзар бусалба стаг вара цу гIазотехь. Iумар ибн ХаттIабан кIанта IабдуллахIа дийцина: «Со а вара Муъта гIазотехь, ЖаIфар дIакхелхича, дезткъе итт сов чов яра цунна тIехь, уьш ерриш а юьхь-дуьхьал йина а яра. Ши куьг а даьккхинера цуьнан». Пайхамарна (Делера салам-

маршалла хуьйла цунна) гIенах гинера ЖаIфар, ялсаманехь маликашца тIомахь.

Бусалба нах, Ха́лид ибн Вали́д коьртехь а волуш, цу гIазотера юхабаьхкича, АллахIан Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ЖаIфаран доьзал схьа а балийна, царна яахIума кечъяйтира.

Шайн чуьра адам деллачарна яахIума ялар – суннат ду. Ткъа вай нийсса бIостадовлу цу суннатна: стаг веллачу нахана, шайга беъна бала а бицбеш, кхин а доккха дукъ тIедожадо - таро елахь а, яцахь а етт бен безаш.

ВоьалгIаниг – Iалий ву, АллахI реза хуьйла цунна. ПхоьалгIаниг – Умм ХIа́ниъ яра, «Фа́хита» а, «ХIинд» а олура цунах, бусалба а йолуш кхелхира иза. ЯлхалгIа – Жума́на ю, иза а бусалба а йолуш кхелхира.

Абу ТIо́либан воьалгIа кIантах, Iалийх лаьцна дуьйцур ду вай. Маккахь дуьнен чу ваьлла вара иза, ши-кхо шо долуш Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ша волче дIа а вигина, цо кхаьбна ву иза. Тиша хьал дара Абу ТIо́либан, цундела АллахIан Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) схьавалийра шен девешин кIант. Цкъаллиг-цкъа цIунашна сужуд дина вац Iалий.

И ву – Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) девешин кIант а, цуьнан йоI Фа́тIимат яхнарг а, веа халифах тIаьххьарниг а.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) аьллера цуьнга: «ХIай Iалий, хьо сох ву, со хьох ву».

Бусалба дин доладалале а Пайхамарца (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) кхиъна, цуьнца юуш-молуш, чу-ара а волуш, даима а цуьнан накъост хилла ву Іалий, жима волуш дуьйна.

Ткъа муха хир вара Пайхамаран (Делера салам-маршаллахуьйлацунна)хІусамехькхиънарг?Пайхамаралла доьссича, ялх шо[40] долуш вара Іалий, стегарех[41] дуьххара иман диллинарг а ву иза. Иман диллира цо, шен девешин кІант Мухьаммад – АллахІа ваийтина элча хиларехь шек а воцуш.

Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дІакхелхича, Іалийс лийчийра иза, ала а олуш: «Ма хаза ву-кх хьо, хІай АллахІан Элча, дийна волуш а, кхелхина волуш а».

АллахІана везаш ву аьлла вевзура Іалий. МужахІид ву, майра ву, латар чІогІа долуш, мостагІчунна дуьхьал ведда воьдуш, «шена дуьхьало ялур йоцу тур» аьлла вевзура иза нахалахь.

Цуьнан куьйгахула АллахІа Шен мостагІий эшийна волу, летачехь даима а толам боккхуш хилла волу, нийсо яр чІогІа долу а, АллахІа кхоьллинчу цхьана а хІуманах кхоьруш хилла воцу а Іалий вара иза. Кхерар хІун ду ца хаьара цунна, хІунда аьлча шен берриг кхерам массо хІума кхоьллинчу АллахІана дІабеллера цо.

40 Цхьаболчу Іеламнаха итт шо дара а аьлла

41 Цхьаболчу Іеламнаха берашна юккъехь дуьххьара иман дилл - нарг ву аьлла

Дуьне дIа а тесна, АллахIаца йолу юкъаметтиг тойинера Iалийс. АллахIах кхоьруш, воьлхий, бIаьрхиша маж тIадайора цуьнан.

Iумар ибн Iабдул-Iазӥза аьлла: «Уггар чIогIа хIара дуьне дIатеснарг Iалий вара».

Iалийс олура: «ХIай дуьне, со а воцуш, кхиниг Iехаве. Баккъал а, ас кхузза дитина ду-кх хьо». Кхузза йитина зуда санна, ша-шена хьарам дина бохург ду иза.

Iалийн цIе дуьххьара «Асад» яра, нанас тиллинера цунна иза. Асад – лом бохург ду. Абу ТIо́либ цIахь а воцуш дуьнен чу велира иза, ткъа ша цIавирзича, «Iалий» аьлла цIе хийцира цо шен кIентан.

«Абу Хьасан» а олура Iалийх. «Абу СибтIайн» а яра цуьнан цIе, Пайхамаран йоьIан шина кIентан да бохург ду иза. Иштта «Абу ТIуроб» а олура цунах, уггар хьоме цIе яра иза Iалийн, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) яьккхина йолу дела.

Ткъе кхойтта доьзалхо хилла Iалийн: вейтта кIант а, ткъесна[42] йоI а. ФатIимата диъ бер дина цунна: ши кIант а, ши йоI а. Церан цIерш яра: Хьасан, Хьусайн, Зайнаб, Умму Кулсум.

ЧIогIа гIора долуш хилла Iалий, цо адам маракъевлича, са а ца даккхалуш, сел тIеттIаIовдарна.

Бусалба дин доладеллачул тIаьхьа, Пайхамаррий, Iалий вара къайлаха ламазаш деш. Цкъа Абу ТIо́либ тIекхечира

42 Цхьаболчу Iеламнаха вуьрхIитта хилла аьлла

цаьршинна, цо хаьттира: «Шуьшиъ хIун деш ву?». «Ламаз деш ву», - жоп делира цунна АллахIан Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Абу ТIо́либа элира: «ХIай Мухьаммад, хьуна ца хаьа, къурайшийн охIланах берш ма бу хьо сацаве бохуш соьга, ахь шайн делошна дов до бохуш».

Мушрикаша олура Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «Оха вазво хьо, рицкъанаш а ло хьуна, тхайн эла а во хьох, нагахь хьо сацахь».

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) Абу ТIо́либе элира: «ХIай сан деваша, валлахIи, цара суна лур ду мел бохург даларх, хIара гIуллакх дуьтур ма дац ас».

Девашас чIагIо йира: «ХIай Мухьаммад, хьуна ца дезачух цхьа а хIума кхочуьйтур ма дац ас хьоьга».

Цул тIаьхьа шен кIанте хаьттира цо: «ХIай Iалий, ахь хIун леладо?». Итт шо долуш волу Iалий тахана бу бохучу къонахел а дуккха а гIоли вара. «ХIай сан да, АллахIаца а, Цуьнан Элчанца а иман диллина ас. Мухьаммада деънарг къобал а дина ас, цунна тIаьхьа а возу со. АллахIан Элчанца ламаз деш а ву со», - элира Iалийс. Абу ТIо́либа элира: «ХIай сан кIант, валлахIи, хьо дикане бен ма ца кхойкху цо».

Цкъа Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира: «ХIай Iалий, кху умматехь уггар вон адам муьлхург ду хаьий хьуна?». «Мила ву иза?», - хаьттича, - «хьо вуьйр верг ву. ХIоккхе (юьхь тIе) хIума а тоьхна, хIара

(маж) тIада а еш», - жоп делира цунна АллахIан Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Юьхьах хIума а тоьхна, цIийно маж а тIадош Iалий вуьйр хилар дийцира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), цул тIаьхьа ехха хан текхира цо, цу дийне хьоьжуш.

АллахIан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) деваша Абу ТIо́либ веллачул тIаьхьа, мушрикаша барт бира Элча (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) вен. Амма Дала хаам бира Шен Элчане (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), уьш ямартло кечъеш хиларан хьокъехь. ТIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хIижрат дира Мединате. Ша новкъаволуш, шен меттахь вижина Iалий витира цо. Вен а тарлора иза. Делахь а, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) Маккахь витира иза, мушрикаша шега схьаделла долу ама́наташ юхадерзадайта цуьнга. Аьшпаш буьттуш ву, бозбуунчалла лелош ву бохуш, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ца кхуллуш цIе ца юьтуш болчу мушрикаша шайн ама́наташ дIадохкуьйтуш хилла цуьнга. «Уьш-м керста бара, дIа ца елча а хIумма а дац царна», - ца элира АллахIан Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), мелхо, лерина уьш дIайсаекъа Iалий витира цо.

Жима Iалий озавелирий те? Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) вен гIерташ мушрикаш а болуш, цуьнан меттахь вижина ма вара иза. Оза ца велира, мелхо, хазахийтира цунна. Дозалла дора цо, воккхавеш вара иза.

Цо аьллера: «ВаллахIи, цу буса санна паргIат наб йина ма яц ас цкъа а».

Цул тIаьхьа Iалийс а дира хIижрат, ша цхьаъ волуш. ГIаш Мадинате некъ бира цо, йовхонна дийнахь садоIуш, буса новкъаволуш. Когаш лилхина бара цуьнан дIакхаьчча. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) шен беркате куьг хьаькхира цуьнан когаш тIе, цул тIаьхьа цкъа а лезна бац цуьнан ши ког, Iалийс иза ма-дийццара.

Цкъа шен йоI ФатIимат йолче вахара АллахIан Элча (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Iалийн хIусамнана яра иза, томана, кхин яла хIума а ца хилла, тIам тIехь кагделла долу дечкан турс делла ялийна. Ялсаманера зударийн эла а ю иза. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хаьттира: «Iалий мичахь ву?». Шена оьгIазвахана араваьлла ву, мича вахана ца хаьа шена элира ФатIимата. Лаха стаг вахийтича, маьждиг чохь вижина карийра Iалий. Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) тIаьхьавахча, лаьттахь Iуьллуш вара иза. Тахана санна кузанаш дацара церан маьждиг чохь. Цунна тIера гIум дIа а яьккхина, АллахIан Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира: «ХьалагIатта, Абу ТIуро́б». Цул тIаьхьа и цIе дIаяхара цуьнан, шех и яьккхича Iалийна хаза а хетара.

Йемене хьукм дан вахийта Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) новкъавоккхуш вара цкъа Iалий. Цо элира: «ХIай АллахIан Элча, со Йемене вохуьйтуш ву ахь, ткъа сол а баккхий а болуш, гIоли а болуш дукха ма

бу». Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) цуьнан даг тIе куьг а диллина, доIа дира: «Я АллахI, мотт чIагIбе Ахь цуьнан, дог нийсонна тIе а нисде Ахь цуьнан». «ДIагIо хьо, хIай Iалий», - аьлла, дIахьажийра цо иза. Iалийс боху: «ВаллахIи, цул тIаьхьа цкъаллиг-цкъа айса хьукм деш, шеко хилла ма яц сан».

Ялсамане даха сатуьйсу вай. Мила ву цига кхача ца лууш? Цхьа а вац-кх. Ялсамане ваха сатуьйсучух бан тамаша бац. Ткъа Iалийн хьал муха дара аьлча, ялсамане ша яра цуьнга сатуьйсуш, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ма-аллара. Цул доккха хIун хир ду?

СагIа далар чIогIа дара Iалийн. Цкъа сагIа дехнера цуьнга, амма дIадала ахча дацара цуьнгахь. Шен кIант Хьасан вахийтира цо ФатIиматера ялх дирхIам схьада аьлла. ДIа а вахана, юхавеара кIант, цо элира: «Дама эццал бен дац иза, цунах цхьа дирхIам схьаэцахь а, дама догIур дац боху». «Ялххе дирхIам схьада», - аьлла, юхахьажийра Iалийс шен кIант. Цул тIаьхьа, цо схьадеъна ахча дIаделира цо шега дехначунна.

Яа хIумма а йоцуш биснера цуьнан доьзал. Эмкал юхкуш стаг велира цунна уллехула, - «оьций цхьаммо а?», - бохуш, мохь а бетташ. «ХIун доьху ахь кхунах?», - хаьттича, - «цхьа бIе шовзткъа дирхIам доьху», - аьлла, жоп делира эмкалан дас. «Ас ийци хьоьгара иза, дIаехка эцце», - элира Iалийс, - «делахь а, цхьана бехкамца - жимма собар де». Реза а хилла, собар деш Iаш вара и стаг, улле

охьа а хиъна. Жимма хан яьлча, уллехула волучу стага хаьттира: «Хьенан ю хIара эмкал?». Шен ю элира Iалийс. Цу стага шена схьайохка аьлча, шина бIенах дIайоьхкира цо эмкал. Цкъа хьалха ша эмкал эцначунна цуьнан ахча дIа а делла, дисина долу кхузткъа дирхIам ФатIиматна дIаделира Iалийс. Цецъяьллачу хIусамнанас хаьттира: «ХIара мичара даьлла?». «Дала Къуръан чохь Ша лур ду аьлла чIагIо йинарг ду иза», - жоп делира цунна Iалийс. «Дика динчунна и иттани сов доккх»[43], - аьлла Дала. Iалийс ялх дIаделла, АллахIа кхузткъа а дина, юхаделла цунна.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) масийттазза кхаъ баьккхинера, Iалий ялсаманин охIланах ву аьлла.

Жа́бир ибн IабдуллахIа дуьйцу, Пайхамарца (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дара шаьш бохуш. Цо элира: «ХIинцца ялсаманин охIланах верг чувогIур ву». Абу Бакр чувеара. Юха а элира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «ХIинцца ялсаманин охIланах верг чувогIур ву». Iумар чувеара. Кхин цкъа а элира цо: «ХIинцца ялсаманин охIланах верг чувогIур ву». Цул тIаьхьа доIа дира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «Я АллахI, Хьайна лаахь, Iалий хилийта Ахь иза». Iалий чувеара, тIаккха Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дог паргIатделира.

Цкъа куьг лаьцна цхьанхьа вуьгуш вара Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) Iалий. ТIехволуш,

43 Сурат Ал-АнIа́м, аят 160

нехан беш гира цунна. «ХIай АллахIан Элча, ма хаза ю и беш», - элира цо. «Цул а хазаниг ю хьуна хьан ялсамане чохь», - кхаъ боккхуш, жоп делира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна).

Табу́к гIазоте араволуш, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) Iалий Мадинатехь витира, зударий а, бераш а лардан. Дукха мунафикъаш а бисинера, царна дуьхьал цхьа Iалий бен воцуш. Iиттарш еш, хабарш хаза дуьйладелира цунна: «Iалий зударшца, берашца витина», - бохуш. Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) волче а вахана, цо элира: «ХIай АллахIан Элча, зударшца, берашца ма витина ахь со». Сийдолу Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) кхачам болуш жоп делира цунна: «ХIай Iалий, ХIарва́нан метта хила реза вац хьо?».

Муса пайхамара, ша АллахIаца къамел дан воьдуш, ХIа́рван шен къоме хьожуш витинера. Ткъа Мухьаммад пайхамара Iалий хаьржира и гIуллакх кхочушдан. ГIийла ву аьлла витина ма вацара Мусас ХIа́рван, мелхо, тешаме хиларна витинера цо иза. Иштта Iалий а витинера Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), иза тешаме а, майра а волу дела.

Бадр гIазотехь бусалба наххий, керста наххий вовшахкхеттера. Ткъа тIом дIаболабалале, шишша-кхоккха сехьа а волий, латарш деш Iадат дара церан. Мушрикех Iутбий, Шайбий, цуьнан кIанттий аравелира, къурайшийн кортош бара уьш, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) уггар чIогIа зенаш динарш а бара уьш. Шайца

лата цхьа а вуй аьлла мохь белира цаьргара. Ансарех волу кхо асхьаб аравелира царна дуьхьал. «Шу муьлш ду?», - хаьттира мушрикаша. Шаьш довзийтира ансараша, амма цаьрца лата реза ца хилира мушрикаш. Цара элира: «Шу ца оьшу тхуна, тхайн девешин бераш оьшу». МухIажираш бара цара буьйцурш.

Сийдолу Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) мохь туьйхира: «ХIай Хьамза, хьалагIатта», - АллахIан лом дара иза, чIогIа майра стаг а вара, - «ХIай Iалий, хьалагIатта», - элира цо, - «ХIай Iубайда, хьо а хьалагIатта».

Хьамзина дуьхьал Iутба вара, Iалийна дуьхьал – Шайба, Iубайдина дуьхьал – Шайбин кIант. Латар доладаларца, цкъа тоьхна Iутба вийра Хьамзас, Шайба шина декъе вийкъира Iалийс, Шайбин кIант а вийра Iубайдас. Бусалба нахера маьхьарш девлира: «АллахIу акбар», - бохуш.

Цул тIаьхьа кхо шо даьлча, Хандакъ гIазоте арабевлира бусалба нах. Шайн Iадатехь ма-хиллара, керста нахах цхьаъ сехьавелира, цуьнан цIе Iамр ибн Iабди Вуд яра. Дикка кечамаш бина веъна вара иза, бусалба нахера чIир эца. Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) веллалц, ша иза а, важа а дийр дац аьлла, чIагIонаш йира араваьлла а вара. Мушрикех уггар чIогIаниг а, эзар тIемалочун мехха стаг а, дерриг дахар тIемашкахь даьккхина, говзалла йолуш а вара Iамр. Коьрта тIера когаш тIе кхаччалц аьчках воьттина а волуш, сехьавелира иза. «Соьца лата мила ву?», - аьлла, мохь туьйхира цо. Динах

кхаьрдаш байташ а олуш, ялсамане езарг сехьавала, шеца лата бохуш. АллахIан лом Хьамза дийна хиллехь-м, цо цхьаьнге а кхочуьйтур вацара иза. Амма Ухьуд гIазотехь дIакхелхинера иза. ХIара Хьамзин де дацара, кхечуьнан де дара. Циггахь мохь туьйхира цхьамма: «Со лета цуьнца, хIай АллахIан Элча», - аьлла. И вара асхьабех уггар жиманиг – Iалий, АллахI реза хуьйла цунна. Iалийн де дара иза. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира цуьнга: «ХIай Iалий, Iамр ма ву иза». Юха а мохь белира АллахIан мостагIчуьнгара: «Мила ву соьца лата?», - аьлла. Цунна тIаьххье Iалийс элира: «ХIай АллахIан Элча, со лета цуьнца». Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) изза жоп делира Iалийна. КхоалгIа а мохь туьйхира Iамра. Юха а элира Iалийс: «ХIай АллахIан Элча, со латийтахьа цуьнца». «Охьахаа, хIай Iалий, Iамр ма ву иза», - жоп делира цунна Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). «Милла велахь а, бен дац суна, со лета цуьнца», - аьлча, пурба делира Iалийна Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Лата тIевоьдуш вара иза, дуьхьал байт а олуш: «Сих ма ло хьо, хьан кхайкхамна жоп лург схьавеъна хьуна. Хьо веллачу тезетахь нах белхаре сатуьйсуш ву со».

Ша жима вуй а хиъна, шеца ца латахь аьлла, юьхь къайлаяьккхинера Iалийс. ТIе а вахана, цо элира Iамре: «Ас кхаа хIуманах хоржуьйту хьоьга. Я иман дилла». Iамра элира: «ШолгIаниг схьаала». «Я Мухьаммадца тIом а ца беш, дIагIо», - элира Iалийс. «КхоалгIаниг схьаала», -

аьлча, - «я соьца лата», - элира Іалийс. Цецваьллера Іамр, шен дахарехь дуьххьара хезаш дара цунна и дешнаш. Цо жоп делира Іалийна: «Цкъаллиг-цкъа дагадеъна ма дацара суна, сайга цхьамма лата эр ду аьлла. Хьо мила ву?». Іалийс ша вовзийтира. «Вало кІант, юхагІо, шуьца баккхийнаш а ма бу, хьо массарал жима волу дела ваийтина цара», - элира Іамра. «ВаллахІи, со массарал жима волу дела ваийтина ма вац. Со царна юккъехь уггар кІеззиг оьшург хиларна веъна ву со», - жоп делира цунна Іалийс. «Хьо вен ца лаьа суна, жима ву хьо, юхагІо», - аьлча, - «суна-м лаьа хьо вен», - аьлла, оьгІазвахийтира Іалийс Іамр. Баттара тур а даьккхина, лата волавелира и шиъ.

Асхьабаша сагатдора, шайна дукхавезачу Іалийна зен хиларна кхоьруш. Ченалахь, таррийн гІовгІанаш хазар бен, гуш хІумма а дацара. Хилларг хІун ду ца хууш, гІайгІане дара бусалбанийн дегнаш. Цхьаьнгара мохь белира: «АллахІу акбар», - аьлла. Чан охьайижира, мушрик вен а вийна, цунна тІе дІахІоьттина лаьтташ Іалий гира царна. Самукъадаьллачу асхьабашкара хезаш маьхьарш дара: «АллахІу акбар», - бохуш.

Іамран турс схьаэца вуьйлира Іалий, амма цу керстанан бехке меттиг гучуелира, цундела схьа а ца оьцуш, Іаддадитира цо иза. Іалийн гІиллакх дара иза.

Мушрикаша стаг ваийтира Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) тІе, шаьш итт эзар дирхІам ло Іамран дакъа схьалург аьлла. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) жоп делира царна: «ДІахьо шайн

нажас, суна цунах хIумма а ца оьшу». Цхьана дирхIамах а нажас юхкуш ца хуьлу дела, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) гайтира цуьнан мах цахилар.

Цул тIаьхьа Хайбар гIазоте арабевллера бусалба нах. Керстанийн гIалина го а бина, ткъайх дийнахь латтийра цара, уьш йийсар бан лууш. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира шен асхьабашка: «Кхана цхьана къонахчуьнга байракх дIалур ю ас, АллахIана а, Цуьнан Элчанна а везаш волу а, АллахI а, Цуьнан Элча а везаш волу а». Цу буса хIора а сатесна вара Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) вийцинарг ша хиларе. Ялсаманица кхаъ баьккхина волу Iумара аьлла: «ВаллахIи, цкъа а амир хила я эскарна хьалхаваьлла хила лиъна ма дац суна, цу бусий бен».

АллахI а, Цуьнан Элча а (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) вайна массарна а веза, цигахь тамаша бан хIума дацара, амма и байракх схьаоьцун верг – АллахIана а, Цуьнан Элчанна а (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) везаш вара.

Iуьйра ламазаш дича, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хаьттира: «Iалий мичахь ву?», - аьлла. Асхьабаша жоп делира: «Шен четар чохь ву, бIаьргаш лозуш, хIумма а гуш вац иза». И схьа а валавайтина, шен беркате туй хьаькхира цуьнан бIаьргаш тIе АллахIан Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). Цкъа а ца хилча санна дIаделира цуьнан лазар.

Цул тІаьхьа Іалийга байракх дІаелира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна). И хиллера-кх АллахІана а, Цуьнан Элчанна а (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дукхавезарг.

АллахІа боху: «АллахІа кхин адамаш далор ду, Шена а дезаш, царна Ша а везан долу. Муъма-нахаца эсала хир бу уьш. Керстанашца шога хир бу уьш. ЖихІад деш хир бу уьш АллахІан новкъахь. Кхоьруш а хир бац уьш боккхучо бехкбаккхарх».[44]

Ткъа Іалий АллахІана дукхавезаш хиларца тоьшалла динарг ша Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) вара.

Байракх схьа а эцна, Іалий гІалина тІевахча, цу чуьра Мархьаб олу жуьгти аравелира. И вара жуьгташна юккъехь уггар чІогІа стаг, дика леташ а вара. Іарбишна а вевзура иза.

Ара а ваьлла, говрахь дІайсахехкалуш вара иза, - «соьца цхьа а летий?», - бохуш. Іалий дуьхьалвахара цунна, ойла еш а ца Іаш. Лата волавелира и шиъ, дукха хан ялале Іалийс вийра Мархьаб. Жуьгташа хаьттира: «Мила ву и байракх керахь ерг?». «Іалий ву», - жоп делира царна. «ТІаккха цуьнан накъостий муха хир бу аьлла хета шуна? Мусан Делора тоьлларш шу ма ду», - элира жуьгташа.

Ухьуд гІазотехь а, шайн Іадатехь ма-хиллара, тІом болабалале, цхьа мушрик стаг сехьавелира лата. Динах

44 Сурат Ал-Мáидах I, аят: 54

кхаьрдаш къамелаш дора цо: «Аша боху Дала шайн таррашца тхо жоьжахати дохуьйту, ткъа тхан таррашца шаьш ялсамане дохуьйту. ТIаккха со жоьжахати вахийта цхьа а вуй шуна юккъехь?», - бохуш.

АллахIан лом Iалий араделира цунна дуьхьал лата. Латар доладелира, Iалийс тоьхна, охьавиллира и. Амма и валаза а волуш, юха а вирзина, схьавеара иза. Цецбевллера берриш а, бусалба наха хаьттира: «ХIай Iалий, вен хIунда ца вийра ахь иза?». «Ас тоьхна, охьавужуш, Iоврат гучудаьллера цуьнан. Эхь а хетта, схьавеара со», - аьлла, жоп делира Iалийс. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) Iамийна гIиллакх дара иза.

ТIом болабеллачул тIаьхьа керстанаша Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) вийна шаьш аьлла, эладита даржийра. И хабар хезначу Iалийс шен тур дуьллу бот кагйира. Шена хезнарг бакъ ду-дац хьажархьама, керста нахана юккъехула, уьш хIаллак а беш, некъ баьккхира цо Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) тIе. АллахIан Элча (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дийна вуй а хиъна, и ларвеш, цу дийнахь ялхийтта чов хиллера Iалийна.

Ибн Каси́ра аьлла: «Цу дийнахь Iалийс инзаре дукха АллахIан мостагIий хIаллакбина, цуьнан тур, каг ца луш, ситтина хиллера».

Хьунайн гIазотехь цIе эмкал тIе а хиъна, Iаьржа байракх лестош, бехачу гоьмукъца бусалба нах бойуш вара керстанех цхьа стаг. Пайхамара (Делера салам-

маршалла хуьйла цунна) хаьттира: «Цу стагах вай паргIат хьан дохур дара?». Дикка хьийжира цу стаге Iалий, ойла а йина, тIехьахула тIе а вахана, эмкалан ши ког кагбира цо. АллахIан мостагI чувуьйжира, шен керарчу байракхца. Бусалба наха вийра иза. Толам а баьккхира цара.

Цкъа цхьа мушрик стаг вара Iалий вен гIерташ, и ларвеш, цIеххьана тешнабехк бархьама. И шена тебий кхеттера Iалий. Лата волавелира и шиъ, шена тоьхча, тур охьа а дужуш, охьакхийтира мушрик, ткъа Iалий шена тIевеъча, цунна шеташ туьйхира цо. Цуьнан тур а хьуш дIавахара Iалий. Накъосташа хоьттура: «ХIай Iалий, вен а ца вуьш, Iадда хIунда вити ахь иза?». «Цо сайна шеташ тоьхча, дог детIира сан. Айса и вер АллахIан дуьхьа цахиларна кхера а велла, Iаддавитира ас иза», - жоп делира цо.

ЖихIадехь шен меттиг йолуш а, Iеламстаг а вара Iалий.

Ха́лид ибн Вали́д вахийтинера Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) Йемене, нах дине кхайкха. Ялх баттахь къахьийгира цо, цара кхин дин тIе ца лоцуш. Цул тIаьхьа Iалий вахийтира, ткъа цо дине кхайкхича, цхьана дийнахь иман диллира цара. Иштта лаккхара Iилма а долуш а, хьикмате а вара иза.

Iалийс аьлла: «ВаллахIи, Къуръан чохь цхьа аят ма дац, суна и маца доьссина ду а, мичахь доьссина ду а, дийнахь я буса доьссина ду а хууш бен». Аятийн хьокъехь шадерг а хууш вара Iалий.

МуІа́вите хаттар динера цхьамма, амма цунна хууш ца хилира цу хаттарна жоп. ТІаккха цу стага элира: «Сан хаттарна жоп лур долчунна тІе хьажавехьа со». МуІа́вията элира: «Іалийга хатта ахь, цунна хуур ду хьуна».

Іумар ибн ХаттІабан заманахь къеда вара Іалий. Лаьтташ дуккха а нах болуш, Іумара аьллера: «Іалий вацахьара, Іумар хІаллакьхилла хир вара».

Ша халиф волуш, цхьа дирхІам ахчанан да вацара Іалий. Мацалла эшо хурма йоцург, кхин даар а дацара цуьнан.

Іалийна, Ираке дІавахча, Куфа олучу меттехь хІусам йинера. Цецваьллера иза, и шен ю аьлча. «ВаллахІи, Іийр ма вац со цу чохь», - аьлла, тишачу хІусаме дІавахара Іалий.

Массо гІуллакхна лелош цхьа духар дара Іалийн. Дуккха а пачхьалкхаш а, малхбале а, малхбузе а шен керахь йолучу бусалба нехан амиран хуьйцуш тІедоха духар а дацара. Дерриг а дуьне ялсаманица хийцинера цо.

Кхо дирхІам делла, масийтта шо хьалха, ша Мадинатера схьавогІуш эцна коч яра Іалийс лелориг.

И тиш а елла, базар вахара иза, шен тур дохка. Цуьнга хаьттира: «ХІай бусалба нехан амир, хьо хІун деш ву?», - аьлла. «Сайн тур дохка веана со. ВаллахІи, масане АллахІан мостагІ вийна ас кху туьраца», - жоп делира халифа. «ТІаккха хІунда духкуш ду ахь иза?», - хаьттича, цо элира:

«ВаллахIи, коч эца цхьа дирхIам сайгахь делхьара, духкур ма дацара ас хIара».

Говр а яцара цуьнан, вир тIехь лелаш вара Iалий.

Цкъа цхьана жуьгтичо турс лачкъийнера Iалийн. Шен турс карийра цунна, масийтта шарахь жихIадехь ша лелийна долу, довза а девзура цунна иза. Жуьгтичуьнга элира цо: «ХIай стаг, и турс сайниг ма ду». «ХIан-хIа, хIара сан ду», - аьлла, жоп делира цунна. И жуьгти а эцна, къедана тIевахара Iалий. Цо хаьттира: «ХIай бусалба нехан амир, хIун олу ахь?». «ХIара турс сан ду», - элира цо. Ткъа жуьгтичо дуй биира, шен ду иза аьлла. Къедано элира Iалийга: «Сан шеко яц хIара турс хьан хиларна тIехь. Делахь а, цхьа а тоьшалла дуй хьан дало?». «Дац. Амма и турс сайниг дуй хаьа суна», - жоп делира цо. Юха а дуй биира жуьгтичо, шен ду иза аьлла. Къедано и турс жуьгтичунна кхочу элира.

Билггал и турс шен дуй хууш волу Iалийс хIун дира? Схьалацийтира цо иза, я чуволлийтира? Я таIзар дайтира цунна, я оззийна схьадаьккхира? Малхбале, малхбузе шен керахь йолу бусалба нехан амира хIун дира те?

Меллаша хьала а гIаьттина, ара а ваьлла, дIавахара Iалий. Къедано диначу хьукманна реза а хилла. Цунна тIаьххье араваьллачу жуьгтичунна гира иза дIавоьдуш. Цецваьллера иза, паччахь, иштта ара а ваьлла, дIавоьдуш хиларх. Iалийга мохь туьйхира цо: «ХIай бусалба нехан амир, хьан турс ду хьуна хIара. Ас тоьшалла до АллахI цхьаъ хиларца а, Мухьаммад Цуьнан элча хиларца а»,

- аьлла, шахIадат а далийна, бусалба дине веара иза. Хазахеттера Iалийна. СовгIатна цунна дитира цо и турс, схьа а ца оьцуш. Цуьнан гIиллакхехь дара иза - жуьгти ву аьлла, къестамаш ца бар. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) кхиийнарг хуьлийла а ма дацара гIиллакх доцуш. Цуьнан нийсо а, гIиллакх а бахьана долуш, иман диллира цу жуьгтичо.

Iалийс аьлла: «Дин хетаршца делхьара, масхьа тIехула а ца деш, бухахула дийр дара». Дин вайна хет-хетачунна тIехь цахилар довзуьйтуш аьлла ду иза цо, хIунда аьлча, хьекъалца дуьстича, нийсох дерг бухахула куьг хьакхар дара, лелаш, бехлуш ерг и меттиг йолу дела, амма Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) хьехнарг – масхьа тIехула дар ду.

Iалий халиф волчу заманахь дуккха а питанаш дара, мунафикъаша а, хаварижаша а лелош. Бусалба нахана такфираш дора цара, уьш керстанш бу бохуш, церан даьхни а, сий а, цIий а хьанал деш. Бусалба шина тобанна юккъе питана а дой, цаьрга вовшашца тIемаш дойтура цара.

Iусман а вийра цу АллахIан мостагIаша, керста ву аьлла. Цуьнан хIусамна латтош го а болуш, Iалий вахнера и волче чу, цо элира: «ХIай бусалба нехан амир, соьга тIом байтахьа цаьрца». Амма Iусмана омра дира цуьнга: «Хьайн хIусаме а гIой, IаддаIе», - аьлла. Иштта бисинчу бусалба нахе а изза элира халифа.

Iусман вийра цара, Къуръан доьшуш Iаш а волуш. Iусманан хIусамненан пIелгаш а дохуш, цунна шена

тур диттиначо боху: «Ас иссазза туьйхира цунна: кхузза АллахIан дуьхьа...». Сел чIогIа тиларчохь хилла уьш, АллахIан цIарца Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) шена ялсаманица кхаъ баьккхина волу бусалба нехан амир вуьш. Амма цхьа а асхьаб хилла вац цу галбевллачу нахана юккъехь.

Цул тIаьхьа Iалий хаьржира наха шайн амир. Делахь а, АллахIан мостагIий питанаш лелочера севцца бацара, бусалба нехан шина тобанна юккъе бекъа а белла, вовше цамзаш а диттина, цаьрга тIом байтира цара, асхьабаш дIа а кхелхаш. ТIаьхьо Iалийс а, МуIа́вията а тIом бира вовшашца, масийтта эзар мужахIид дIа а кхелхаш. ТIом сацабо аьлла барт бира цаьршимма. Iалийн эскар юккъехь масийтта бIе хавариж гучувелира, цунна такфир а дина. Амма цо, тIом а ца беш, Iаддабитира уьш.

ХIетте а совца ца совцуш, бусалба нахана такфираш дора цара. «Iалий керста ву ца аьлларг а ву керста», - бохуш. Новкъахь нахе хетта а хоьттуш: «Iалий керста вуй?», - олий. Вац аьлча, - «тIаккха хьо керста ву», - бохуш.

Iалийна Iоттар еш, цхьамма элира: «Абу Бакрана а, Iумарна а нах тIаьхьа ма хIиттира, шаберш а цхьаъ хилла. Ткъа Iусманний, хьуний хIунда ца хIиттина?». «Абу Бакраний, Iумарний тIаьхьахIиттинарш Iусманний, сой саннарш бара. Ткъа Iусманний, суний тIаьхьахIиттинарш хьо саннарш бу», - аьлла, говза жоп делира халифа.

ТIаьххьаре а шайца воцург керста ву бохуш, бусалба нах байа буьйлабелира уьш.

Масийтта эзар хавариж вара уьш, амма цхьа асхьаб а вацара царна юккъехь. Цунах вайна гучудолу, муьлхха а тоба галъяьлла хилар, нагахь цаьрца баккхий Іеламнах бацахь. Іеламнаха бохург деш боцурш тилла бу.

Бусалба нах байа буьйлабелча, Іалийс тІом бира хаварижашца, цо хІаллак а бира уьш.

Хан-зама дІаяхара. Кхузткъе кхо шо а долуш, Іалий чІогІа цомгуш хилира. Весет де бохуш, тІехІуьттура цунна, амма цо элира: «ХІан-хІа, со иштта кхелхар вац. ХІоккхе (юьхь тІе) хІума а тоьхна, хІара (маж) тІада а еш кхелхар ву». Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дийцинера цуьнан кхалхарх лаьцна а, и вуьйр верг уггар дакъазаваьлла стаг хилар а. Іалийс олуш а хиллера: «Стенгахь ву те со вуьйр волу дакъазаваьлла стаг?».

Вуззалц хІума ца юура Іалийс, кхаа хурманца марха достура цо, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ша меца а волуш кхелхар ву аьлла дела.

Іиттарш еш, хаварижаша олура Іалийга: «Хьукм дар хьуна дац хьуна, хьо лийр волуш ву хьуна». ХІоразза а цо жоп лора: «ВаллахІи, со лийр волуш ма вац! Мелхо, вуьйр ву со, хІоккхе (юьхь тІе) хІума а тоьхна, хІара (маж) тІада а еш». Іожалла кисина а йиллина Іачу Іалийна валарца кхерамаш туьйсуш бара хаварижаш. Мосазза леттера Іалий, тІом болош леташ а, тІам тІехь а, малхбалехь а, малхбузехь а чІогІа леташ ву бохуш вевзуш хилла волу, цкъа а эшна воцу, цунна валарца кхерамаш туьйсура-кх АллахІан мостагІаша.

Цкъа кхаа хаварижо, Ибн Мулжама а, Бурака а, Іамр ибн Бакра а, барт бира Іалий, МуІа́вияттий, Іамр ибн Іассий вен. ЧІагІо йира цара: я уьш бойур бу, я шаьш лийр ду аьлла.

Ибн Мулжам цхьа йоІ езаелла вара. Шега йола аьлча, йогІур ю ша элира цо, амма томан мах – Іалий вер хир бу шен аьлла. Реза хилира и АллахІан мостагІ.

Ибн Мулжама ша Іалий воь элира, Бурака ша МуІа́вият воь элира, Іамр ибн Бакра ша Іамр ибн Іа́с воь элира.

Іалий Иракехь вара, МуІа́вия – Шамехь, Іамр ибн Іа́с - Мисрехь. Мархийн беттан вуьрхІитталгІачу дийнахь и кхоъ вен сацам хилира церан.

Шаме МуІа́вия вен вахара Бурак. Іуьйра ламазе маьждиге воьдуш а волуш, дуьхьал а иккхина, туьйхира цо цунна. Амма лаза а вина, кІелхьаравелира МуІа́вия. Ткъа и АллахІан мостагІ бусалба наха вийра.

Мисре Іамр ибн Іа́с вен вахара Іамр ибн Бакр. Іуьйра ламазе маьждиге вогІуш стаг гира цунна, гондахьа нах а болуш. Дуьхьал а иккхина, тоьхна, вийра цо и стаг. Наха схьалецира иза. Кхин цхьаъ тІевеара царна, наха цуьнга «хІай амир» бохуш, къамел деш а хезна, Іамр ибн Бакра хаьттира: «Ас вийнарг мила ву?», - аьлла. «Ха́риж ву», - элира цуьнга наха. Юха а хаьттира цо: «Ткъа хІара тІевеънарг мила ву?». Цара элира: «ХІара Іамр ибн Іа́с ву». Ша вийнарг Іамр ваций а кхетта, АллахІан мостагІчо элира: «Суна Іамр лиънера, амма АллахІана Ха́риж лиъна». Бусалба наха вийра и хавариж.

Ираке Іалий вен вахара Ибн Мулжам. И вара хьаж тІехь берч[45] йолуш, дукха ламазаш дина. Іалийн Іуьйра ламазе нах самабохуш Іадат дара. Урамехула волалора иза, мохь бетташ: «Ламазе самадовла», - бохуш. Мархийн беттан вуьрхІитталгІачу дийнахь, рузбанан де а дара иза, ламазе воьдуш волчу Іалийна дуьхьал а иккхина, юьхь тІе тур туьйхира Ибн Мулжама. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ма-дийццара, цІийно маж а тІадош. Бусалба наха схьалецира и АллахІан мостагІ. Іалийс схьавалаве аьлла, цунна тІевигира Ибн Мулжам. Шена и гича, цо элира: «Ма дукха дика динера ас хьуна». «Хийлаза дика дина ахь суна», - жоп делира АллахІан мостагІчо. «ХІунда вий ахь со?», - хаьттира Іалийс. Хаварижо жоп делира: «Шовзткъа дийнахь сайн урс дІаьвша чохь латтийнера ас, цу шовзткъа дийнахь АллахІе доІа а динера ас, цу туьрца адамех уггар вон стаг сайга вейта бохуш». «Цу хьайн туьрца хьо вейта везаш хилар бен, кхин хІума ца го суна», - элира цуьнга Іалийс. ХІунда аьлча Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) дийцина ма дара, Іалий вуьйр верг уггар вон адам ду аьлла. Шен туьрца и хавариж вийра бусалба наха.

Цу юккъе ши де даьлча, Іалий дІакхелхира, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) ма-аллара, меца а волуш, юьхь тІе хІума а тоьхна, цІийно маж тІадош. Бусалба дин доладелла шовзткъалгІачу шарахь, мархийн беттан ткъесналгІа дийнахь, Пайхамаран (Делера салам-

45 Мозоль

маршалла хуьйла цунна) ша кхелхаш хилла хан йолуш – кхузткъе кхо шо, дIакхелхира Iалий ибн Абу ТIолиб. Деа шарахь исс баттахь бусалба нехан амир лаьттира иза. Iалий дIакхелхира, шен доьзале весеташ деш: «Диканиг де олуш, вониг ма де олуш хилалаш. АллахIах кхералаш», - бохуш. Iалий мича дIавоьллина ца хаийтира, я хIинца а хууш а дац.

Iалий дIакхелхина аьлла шена хезча, МуIа́вия чIогIа вилхира. Цуьнан хIусамнанас хаьттира: «ХIунда воьлху хьо, айхьа цуьнца тIом бинашехь?». «Дакъаза ма яла хьо, - элира цо, - хьуна ца хаьа-кх, Iалий дIакхалхарца Iилма дайний».

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) аьлла Iалийга: «Хьо веза а ма ца веза, муъмин стагана бен, хьоьга цабезам а ма бац мунафикъ стеган бен».[46]

Кхин а аьлла цо: «Iалий везначунна со а везна, и ца везначунна со ца везна».[47] Кхечу хьадисехь аьлла Элчано (Делера салам-маршалла хуьйла цунна): «Iалийна зен диначо – суна зен дина».[48]

ТIаьххьара хьаж дина, юхавогIуш, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира, дуккха а асхьабашна юккъехь: «Со эла волучунна Iалий а ву эла. Я АллахI, цунна тIехIоьттиначунна тIехIотта Хьо, цуьнца мостагIалла лелочуьнца мостагIалла леладе Ахь!».

46 Тирмизий: 3736
47 Сахьи́хь Ал-Жа́миI: 5963
48 Сахьи́хь Ал-Жа́миI: 5924

Бусалба нехан нанас Іа́ишата аьлла: «ВаллахІи, нахах уггар чІогІа суннат девзург Іалий ма вара».

МазхІабан да волу, ворхІ эзар хьадис дагахь хууш хиллачу Имам Ахьмада аьлла: «Іалий хестош деъна хьадисаш санна дукха хьадисаш цхьа а асхьаб хестош деъна дац».

Кхин а аьлла цо: «Наха халифате сатуьйсучу хенахь, халифат хилла Іалийга сатуьйсуш».

Вайн дийцар дІадерзош, Іалийгара схьадеъна долу пайде хьадис дуьйцур ду вай. Іалийн хІусамнана ФатІимат шен да, АллахІан Элча (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), волче яхара. И чохь а ца карийна, Іа́ишате дийцира цо ша яран бахьана: хьадалча езаш хиллера иза, шена гІо дайта. Иза а аьлла, юхаяхара Іалийн хІусамнана. Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) чувеъча, Іа́ишата хаийтира цунна, хьадалча оьшуш цуьнан йоІ еъна хилар. Іалий а, ФатІимат а долче а вахана, цо элира: «Ас цхьа хІума Іамадай шуьшинна, хьадалчел а дика а, гІоли а долуш?». Іамаде шайна аьлча, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьйла цунна) элира: «Шаьш дІадийшале ткъе кхойттазза «субхьаналлахІ», ткъе кхойттазза «алхьамдулиллахІ», ткъе дейттазза «АллахІу акбар» ала. И а аьлла, дІавижиначунна хьадалча оьшур вац». Іалийс боху: «ВаллахІи, Пайхамара и дийциначул тІаьхьа, цкъа а дитина ма дац ас иза».

Я АллахІ, ялсамане чохь Элчанца а (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), цуьнан асхьабашца а, тхан

дайшца-наношца а, иштта тхуна дукхабезначаьрца а цхьаьнатоха Ахь тхо.

ХIара жайна яздина ас сайн дений-нанний тIера сагIина. Сатуьйсуш ву со АллахIа сайна а, сан дена-нанна а, иштта массо бусалба нахана а гечдаре. Я АллахI, хIара жайна дешначунах а, цуьнан дех-ненах а къинхетам бе Ахь.

Я АллахI, ялсамане чохь Элчанца а (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), цуьнан асхьабашца а, тхан дайшца-наношца а, иштта тхуна дукхабезначаьрца а цхьаьнатоха Ахь тхо.

Хастам бу Шен ниIматашца диканиг кхочуш хуьлуьйтуш волчу АллахIана. АллахIера салават а, салам а хуьйла Iаламех къинхетам бан ваийтинчу вайн Пайхамарна!

Дешхьалхе.....3
Абу Бакр Ас-Сидди́къ.....5
Іумар ибн ХаттІаб 38
Іусма́н ибн Іаффа́н 73
Іалий ибн Абу ТІо́либ.....93